

Kesenian Anyar
Nundrik

10

Lebarane Wong Using

Konco Hoo Tong Bio

18

EDISI 22

Januari - Juni 2023

31

ISSN 1979-6129

Lontar Using

Ngular Basa Njaga Adege Jejege Jati Diri Bangsa
MAJALAH BASA USING



BALAI BAHASA
PROVINSI JAWA TIMUR



bbit

Lontar Using



Bucu Basa Using
Kang Aang

Gandrung Wika
Buyute Gandrung Semi
Eko Budi Setianto

Melebu Agenda KEN
Gandrung Sewu Saya Sagah
Eko Budi Setianto

Panggung Gandrung Sewu
Dadi Rebutane Lalare Penari
Eko Budi Setianto

Seni Budaya Tradhisional
Wajib Diajaraken nong
Lalare Sekolah
Eko Budi Setianto

Kesenian Anyar Nundrik
Kang Aang

Penggagas Kesenian Nundrik: Konco Hoo Tong Bio
Maestro Kendang M. Hidayat Aji Ramawidi

Sunardiyanto
Kang Aang

Urip-matine Sanggar Tari
Kudu bisa Kreatip, Sing Mung
Nyageraken Dum-duman
Eko Budi Setianto

Lebarane Wong Using
Nani Asiani Ms

Adat-adat
ring Banyuwangi
Nani Asiani Ms

Puwasa Ian Jajan Lebaran
Nani Asiani Ms

Kawitane Puter Kayun:
Ana Versi liyane
Buyut Jaksa!
Nani Asiani Ms

Pirangane Adat 31
ring Desa Pondoknongko M. Hidayat Aji Ramawidi

Andi Sep Kurniawan 34

Panggonan iku nduweni aran:
Pelangi Sastra Malang Okta Vidiyanti/HZ


Maneka Warta Literasi 36
Moh. Syaipul

Mung Merga Jugedan, Bisa
Sampek Negara Manca Eko Budi Setianto

UIN KHAS Jember meleciraken 42
Quran Basa Using Kang Aang

Cerpen: Welas 44
Hani Z. Noor





Lontar Using

Ngular Basa Njaga Adege Jejege Jati Diri Bangsa

MAJALAH BASA USING

Uluk Salam ...

Alhamdulillah. Sakjegé pageblug uncal, Banyuwangi wis mangkat ceker-ceker maning. Montor muluk wis mudhun ring Blimbingsari saben dina (sedurunge tau rog-rog asem jaduale), pestipal-pestipal wis digelar maning (taun sedurunge Gandrung Sewu dianakaken njero kawat – daring), topong (masker) wis arang dienggo.

Kanggone Basa Using, mangkane tepak dianakaken Festival Literasi Using hang melebu ring agenda B-Fest iki kaya-kaya udan hang nyiram marek mangsa ketiga. Malah taun-taun mengarepe pestipale arep digedhekaken maning kelawan ngerambah lalare SMP. Muga-muga bain, pelajaran Basa Using bisa diwulangaken maning ring SMP, masiya hing arupa mulok, bisa bain diwulangaken dadi pelajaran ekstrakurikuler. Mesthine mula digoleti carane kelendi pelajaran basa Using bisa sampek non glare-lare. Lalare uga kudu diajaraken sakat cilik gok basa Using iku basa tinggalane embah buyut hang kudu diuri-uri. Dadi hing maido kadhung taun iki Balai Bahasa Jawa Timur hang ana ring Surabaya arep nganakaken Revitalisasi Bahasa daerah yaiku Basa Using lan Medura pulau. Hang arane revitalisasi basa iki hing mung basane hang dikuwataken naming paran bain hang dadi produk basane, paran bain hang nganggo basa iku minangka medium. Umpamane lontare, carane pidhatone, maca tulise, cerita cendheke, dongenge, puisi lamane, ewer-ewerane (kadhung saiki arane stand up comedy). Ibarate paran bain hang nganggo basa iku. Engko arep digarap materine kanggo para pengajare liwat FGD (Forum Group Discussion) lan kelendi pelatihan kanggo para guru-gurune lan seteruse sampek acarane ketemu gonge ring ulan Oktober tepak bulan Bahasa.

Mugga-muga bain hing ana alangan.

Salamun wa taslimun.

Talam wadhahe limun.

Pemimpin Redaksi

Penanggung Jawab: Dr. Umi Kulsum

Pimpinan Redaksi: M. Oktavia Vidiyanti.

Penyunting Bahasa: Antariksawan Yusuf, Naila Nilofar

Tata Letak/Desain Grafis: Oky Narna Putra

Sekretariat: Maria Magdalena

● Balai Bahasa Jawa Timur - Jalan Gebang Putih No.10, Kel. Keputih, Kec. Sukolilo, Surabaya

● 031-5925972

● oktaviavidiyanti@gmail.com

● www.balaibahasajatim.kemdikbud.go.id



Redaksi: M.Oktavia Vidiyanti

BUCU BASA USING

Kelendi Quran Basa Using mesthine nulis aran Pengeran? .

Kelendi mesthine nulis aran Pengeran,
Allah tah Alloh, nganggo basa Using?

1. Ring tulisan iki (lan uga hang ana ring Kamus Bahasa Dhaerah Using-Indonesia karangane ruwahe pak Hasan Ali, simbol fonetis [A] kanggo uni kaya [jAwA] hang ditulis nganggo simbol fonemis /jawa/ lan simbol fonetis [a] dienggo uni kaya [sawah] hang ditulis nganggo simbol fonemis /sawah/).

2. Kadhung miloni Pedoman Ejaan basa Using baku, fonem /a/ hang panggonane ana ring pungkasan ucap, diunekaken [o], kadhung ring kamus Using-Indonesia ditulis kelawan simbol fonetik [A], kaya ring ucap:

/bala/ [bAlA] 'teman yang membela'
/sapa/ [sApA] 'siapa'
nduwe kanca alofon (yaiku uni hang beda taping hing nggawe bedane artine) /a/ kaya ring ucap /sawah/. Maksude gedigi.
Ucap /bala/ [bAlA] kadhung ulih imbuhan e-ne, unine uwah dadi /a/ [balane] dudu [bAlAne]*.

Unine beda antarane [bAlA] ambi [balane], taping artine padha. Mangkane uni iku ditulis kelawan simbol hurup fonemis hang padha yaiku /a/.

Panggonan fonem hang ana ring pungkasan iki diarani ring posisi terbuka.

3. Dene fonem /a/ mau kadhung ana konsonan hang mateni ring mburi dhewek diarani posisi tertutup. Saben ring panggonan tertutup, uni [A] mau mesthi dadi uni [a].

Tuladhane:

/balak/ 'bencana'

/sapar/ 'salah satu bulan Jawa'

Conto liyane:

/sawa/ v /sawah/
/tawa/ vs /tawas/
/sara/ vs /sarat/
/sapa/ vs /sapar/
/tamba/ vs /tamban/
/lara/ vs /larat/
/sara/ vs /sarap/
/tuma/ vs /tuman/

Bisa dideleng, saben /a/ hang ana pungkasan (posisi terbuka) diunekaken [A] lan sakkal uwah dadi [a] kadhung ditutup konsonan (posisi tertutup).

4. Kadhung nulis uni [oh] mesthi nganggo [-oh] merga kadhung ditulis nganggo /-ah/, nganggo prinsip hang diomongaken ring nomer telu nong dhuwur mau, unine dadi [-ah].

Tuladha:

/toh/ 'tandha lahir; taruhan' vs /tah/ 'jenis partikel'
/woh/ 'buah' vs /wah/ 'kata interjeksi'

Tuladha liyane:

/amoh/ 'rusak; rombeng'
/adoh/ 'jauh'

5. Kesimpulane:

Kadhung nulis ucap hang nduweni arti 'Tuhan' ring basa Using mesthine ditulis: /Alloh/, wis kaya pengucapane, merga kadhung ditulis /Allah/ /a/ hang ana ring posisi tertutup dadi uni /a/ dudu [A], muni /allah/ dudu /alloh/.

Kadhung ditulis /Alla/ bain kelendi makene muni [allo]? Hing bisa merga ring basa aseline tulisane /I h/ ana hurup /h/ ring pungkasane.


Gandrung Wika

Buyute Gandrung Semi

Akeh hang kuwatir kadhung lelakone Gandrung Terob wis emeh pungkas. Rasa kuwatir iku merga sara golet lare nom-noman hang bisa lan gelem nerusaken lelaku kesenian kuna asli Banyuwangi iku. Naming, rasa kuwatir iku kaya-kaya magih bisa diselehaken sulung, merga nyatane magih ana lalare nom-noman jaman milenial iki hang wani lan tatag munggah genjot dadi Gandrung Terob.

Ring cathetane penulis, malah ana Gandrung enom hang saiki iki magih nerusaken kuliyah ring Unesa Surabaya. Gandrung enom iku aran jangkepe Lusi Sari Hermawati, hang wis kejuluk nganggo aran Gandrung Lusi. Umahe nong Desa Tamansari, Kecamatan Licin. Bapake arane Syaifurrohmat aliyas 'Ipul Kendhang', panjak kendhang hang saiki wis ngedegaken grup jaranan 'Turonggo Sakti'.

Kaya hang ketulis ring Buku 'Isun Gandrung', gandrung hang lulus SMK Negeri 1 Banyuwangi Taun 2018 iki sing mung sak derma bisa njuged gandrung kaya umume lalare anggota



Gandrung Wika

sanggar tari, naming wis 'nyebur' temenan nang kulahe kesenian tradisional dadi Gandrung Terob hang sak benere. Gandrung 'kinyis-kinyis' iku malah wis tau ngerasakaken kelendi abote gudha lan sanggane dadi penari Gandrung Terob.

Hang paling pungkasan, penulis kecaruk maning ambi Gandrung enom, hang aran Gandrung Wika. Gandrung hang duwe aran lengkap Wika Yusrida Merzy Lindya iki mangkat nggandrung sak marine lulus teka SMK PGRI 1 Giri taun 2015. Gandrung Wika ngaku hang ngajari iyane nggandrung yaiku Bibike dhewek, Gandrung Wiwik lan ruwahe Bapake, Sutadi.

Rong taun suwene nggandrung, Gandrung buyute Mbah Gandrung Semi iki wis tau kundangan main sampek nong dhaerah Jember, Panarukan, lan pirangane dhaerah nong Kalimantan. "Dadi gandrung iku mula abot sangga lan gudhane. Naming ya wis kelendi maning. Yong arane kudu bisa ngibur penonton. Pengalaman hang paling nggawe ati bangkel, kala ngadhepi pemaju hang rada sing tepak. Paran maning ambi setengah mabuk. Byek, kaya kelendi ika rasane ati," ujare.

Gandrung Wika hang umahe nong Lingkungan Cungking, Kelurahan Mojopanggung iki Buyute Gandrung Semi, Gandrung wadon kawitan hang ana ring Banyuwangi. Miturut silsilah keluarga, Mbah Semi hang nikah ambi Sutomo iki duwe anak akehe 14, wadon 6 lan lanang 8. Salah siji anak lanange hang aran Djoemhar, duwe anak akehe 9, wadon 1 lan lanang 8. Lan siji-sijine anak wadone Djoemhar iki yaiku Gandrung Wiwik hang saiki manggon nong Desa Gambiran. Kakang landhese Gandrung Wiwik hang aran Sutadi, duwe anak Gandrung Wika iki, hang wis nggnadrung rong taun lawase.

Eman-eman, sing keneng dieman. Serta wis dirabi ambi uwong teka Medura, Gandrung Wika wis sing diulih maning nggandrung. Kamangka, iyane magih dhemen lan magih karep nggandrung. "Ya wis kelendi maning. Wis sing ulih nggandrung ambi lakinisun. Kadhung ati sih magih karep," jare Gandrung Wika hang pirangane ulan kepungkur kala ana acara 'Ritual Mbah Semi' hang dianakaken ambi masarakat Lingkungan Cungking, ambi Bibike - Gandrung Wiwik - magih njuged maning.

(Eko Budi Setianto)



Melebu Agenda KEN Gandrung Sewu Saya Sagah



L iwat proses pemilihan hang njelimet, ana rong acara pestipal duwene Banyuwangi yaiku Gandrung Sewu lan Banyuwangi Ethno Carnival (BEC) hang kepilih melebu ning agenda Kharisma Event Nusantara (KEN) 2023 hang wis diumumaken ambi Kementerian Pariwisata dan Ekonomi Kreatif (Kemenparekraf).

Kaya hang wis diumumaken dhewek ambi Menteri Sandiaga Uno ning Taman Mini Indonesia Indah, teka 101 *event* KEN 2023, Gandrung Sewu lan BEC dadi *event* unggulan hang bakal dipromosikaken Kemenparekraf nyang sak *antero* donya. Gandrung Sewu hang

lair lan digedhekaken ambi Paguyuban Pelatih Tari dan Seniman Banyuwangi (Patih Senawangi) lan wis dadi agul-agule Banyuwangi Festival iki miturut rencana bakal digelar ulan September 2023.

Wangune, Gandrung Sewu taun 2023 iku saya sagah lan tambah kesuwur. Kaya kabar hang wis semebar, tontonan hang bisa nggawe jengahe ewongan uwong iku sing mung sakderma katut, naming malah dadi agul-agule agendha KEN.

Kaya hang dijelasaken ambi Ketua Patih Senawangi, Suko Prayitno, masiya wis melebu

agenda KEN naming Gandrung Sewu tetep dadi tanggung jawabe Patih Senawangi. "Gandrung Sewu ya tetep dadi tanggung jawabe Patih Senawangi. Hang nganakaken, hang ngetap tabuhan lan tatanan jugedane ya kanca-kanca anggota Patih Senawangi kabeh. Anggota Patih Senawangi hang akehe 40 sanggar kabeh milu cawe-cawe. Kemenparekraf iku sipate mung ndhukung lan mbantu paran bain hang diperlokaken kanggone nggelar Gandrung Sewu," jare Suko Prayitno.

Aju pira akehe seniman lan penari hang dibutuhaken ring acara iku? "Hang jelas, paling sithik hang dibutuhaken sampekk sewu penari lan seniman. Carane milih penari ya magih kaya sedurunge, liwat seleksi. Lalare penari hang diseleksi ya sing mung teka sanggar-sanggar tari, taping uga teka sekolah-sekolah lan perorangan. Seleksine ya kudu njelimet, merga Gandrung Sewu iki hang

ndeleng sing mung wong Banyuwangi thok, naming masarakat akeh secara nasional," jare pimpinan Sanggar Tari Gandrung Arum iki.

Tema hang dipilih kanggone Gandrung Sewu iki, jare Suko, yaiku cerita ngenani 'Omprog' Gandrung. "Mula magih durung diputusi ngenani tema. Magih terus dibahas ambi kanca-kanca panitiya. Naming wis akeh usulan, yaiku ngenani 'Omprog' Gandrung," ujare.

Sakat buru-buru dianakaken noring taun 2012, sampek saiki iki wis ping 9 (Songo) Festival Gandrung Sewu dianakaken. Taun 2020 lan 2021 sing dianakaken merga magih ana pageblug. Hang pungkasan, Gandrung Sewu dianakaken tanggal 29 Oktober taun 2022 kepungkur.

(Eko Budi Setianto)



PANGGUNG GANDRUNG SEWU

Dadi Rebutane Lalare Penari



Kanggone lalare penari Banyuwangi, hang aran gelaran Gandrung Sewu iku sing mangung sakderma tontonan biyasa, naming wis kelagut dadi ajang rebutane lalare penari teka kabeh sanggar-sanggar tari hang ana ring Banyuwangi. Pendheke, arena Gandrung Sewu iku wis dadi impenane para penari kabeh. Malahan ana unen-unen "Magih durung afdol dadi penari kadhung magih durung tau kepilih dadi penarine Gandrung Sewu". Byek, sampek gedigu yuh. Aju kelendi sih rasane kadhung wis kepilih dadi penari Gandrung Sewu?

Wimbi Serli Okqila

Mulai Dadi Peserta sampek Dadi Pelatih "Kanggonisun, gelaran Gandrung Sewu iku event hang sing bakal ana gentine," gedigu ujare Wimbi Serli Okqila, Mahasiswa Politeknik Negeri Banyuwangi (Poliwangi) hang sing tau let kepilih dadi penarine Gandrung Sewu sakat gelaran hang kaping pindho taun 2013 kepungkur.

Paling pungkasan, jebeng muride sanggar tari Gandrung Arum iki malah wis kedhapuk dadi pelatih ning gelaran Gandrung Sewu 2022 hang buru liwat.

"Masiya saiki wis pangsiyun dadi penari Gandrung Sewu, naming kadhung tepak ndeleng lalare

penari iku rasane jithok iki kemesar. Kaya kepingin milu-milu njuged maning," jare Wimbi. Kanggone Wimbi, Gandrung Sewu sing mung tontonan biyasa. Gandrung Sewu minangka panggung gedhi hang kemeromong, hang kabeh-kabeh lare penari padha kepingin njuged nong panggung iku. Mulane, masiya wis sing bisa milu dadi penari maning, naming bisa kepilih dadi pelatih, girang seru rasa atine. "Kepingin terus milu cawe-cawe nong Gandrung Sewu. Embuh sampek kapan," ujare.

Kala kawitan kepilih dadi penari ring gelaran Gandrung Sewu hang kaping pindho taun 2013, Wimbi dideleh nong panggonan hang paling mburi. Masiya gedigu, iyane tetep rumangsa

Panggung Gandrung


seneng

ati merga wis kepilih dadi penari. "Pokoke, wis girang seru ati iki bisa kepilih dadi penari, masiyatah dideleh nong mburi dhewek. Kang Hun pikir kala iku, rasane magih durung afdol dadi

penari kadhung durung kepilih milu gandrung Sewu," jare jebeng hang umahe ring Dusun Plosorejo, Desa Kaliploso, Kecamatan Cluring, iki.

Merga terus katut kepilih dadi penari, jare jebeng kelairan 4 Oktober 2002 iki, saya suwi ana rasa kepingin rebut-saing ambi kanca-kanca penari liyane. Kelendi carane supaya bisa dideleh nong barisan paling ngarep, hang paling gampang keneng jepret ambi para photographer.

"Alhamdulillah, mulai teka posisi paling mburi, edheng-edheng terus mingser nang tengah, sampek pirangane taun pungkasan iki bisa ulih panggonan nong ngarep dhewek," jare Wimbi nyeritakaken pengalamane.



Dini Intan Ningtiyas.

Seru Girange Kepilih Dadi Penari

Sangking kepingine bisa kepilih dadi penarne Gandrung Sewu, akeh penari hang nangis 'histeris' kala milu seleksi. Kaya hang dialami ambi Dini Intan Ningtiyas, murid kelas 4 SDN 1 Lemahbangdewo, Kecamatan Rogojampi. Dini hang umahe nong Dusun Tembelang, Desa Bareng, Kecamatan Kabat, iki malah nangis merga kepilih dadi penari Gandrung Sewu 2022, kala magih kelas 3. Paran maning, kala ikukanca sak sekolahane lan sak sanggare akeh hang sing katut kepilih. "Ya kepingin milu maning. Pokoke, kepingin milu terus ning acara Gandrung Sewu. Dhemen rasane bisa njuged bareng jak akehan," jare penari cilik murid Sanggar Tari Sayu Wiwit, Aliyan, iki.

(Eko Budi Setianto)



Seni Budaya Tradisional Wajib Diajaraken nong Lalare Sekolah

Kaya hang ketulis nung Kurikulum 2013, Seni Budaya Tradisional iku minangka 'bahan pokok' materi pelajaran kesenian hang sipate wajib diajaraken nung lalare sekolah. Kaya hang kelakon nung Kabupaten Banyuwangi, ya Seni Budaya Banyuwangi hang didadekno materi ajar ambi para guru kesenian.

Ketua Musyawarah Guru Mata Pelajaran (MGMP) Kesenian tingkat SMP, Moh. Syaiful, S.Pd. njelasaken, aran pelajaran kesenian hang ketulis nung kurikulum iku yaiku: bidang Seni Rupa, Seni Tari, Seni Musik lan Seni Teater. "Mulane, hang aran guru seni iku ya kudu bener-bener bisa lan 'nguwasi' materi ajar hang dadi tugase," jare Kang Ipul - celukane Moh. Syaiful - hang dadi guru kesenian nung SMP Negeri 1 Banyuwangi.

Mulane iku, jare Kang Ipul, umpamane nong Banyuwangi ana guru kesenian naming iyane dudu wong asli Banyuwangi lan sing nguwasi Seni Budaya Banyuwangi, wajib sipate belajar sulung sampek bisa lan nguwasi materi hang dadi tugase.

Ngenani murid-murid hang duwe bakat-minat lan kepingij^g lebih jeru nimba ilmu seni hang diajaraken gurune, jare Kang Ipul, digiring milu megijet tambahan sak njabane jam pelajaran wajib, yaiku megijet Ekstrakurikuler (Ekskul). "Ya liwat megijet Ekskul iku lalare bisa belajar lebih jeru maning. Kaya umpamane noring

SMPN 1 Banyuwangi iki, teka megijet Ekskul iku wis ana kelompok Seni Kuntulan, hang wis dadi langganan Pemkab Banyuwangi adhung ana acara-acara kesenian," jare Kang Ipul.

Aju kelendi lalare murid nduduhaken 'penguwasaan' seni hang wis diajaraken ambi para guru keseniane? Kang Ipul njelasaken, kanggo lalare murid hang wis kelas 9, ana hang aran Pameran & Pagelaran. Nong kono iku lalare mameraken utawa mraktekaken saben-saben bidhang seni hang wis diajaraken ambi gurune. Sak liyane iku, kaya dene mata pelajaran liyane, bidhang kesenian iki ya ana ujiane. Ya ujian, tulis ya ujian praktik. Hang diujekaken ya ngenani 'kompetensi' pengetahuan, sikap lan keterampilan para murid.

Aju paran sih hang dadi alangan para guru kala ngajaraken bidang kesenian nung sekolah? "Kendalane ya masalah lengkap lan usinge sarana-prasarana hang diduweni ambi sekolah panggonane ngajar. Umpamane, ngajaraken musik tradisional, naming sing ana alat musike. Utawa ngajari tari-tarian, taping sing ana ruang hang cukup layak enggo megijet latihan tari. Yaiku hang dadi masalah," jare kang Ipul, hang uga dadi penulis buku. Salah siji buku karyane, "Agul-agul Belambangan" taun 2017 kepungkur ulih penghargaan 'Rancage'.

(Eko Budi Setianto)

Kesenian Anyar Nundrik



Banyuwangi nduwe kesenian anyar arane Nundrik hang dibidhani ambi sanggar seni Blambangan Art School ring Kampung Seni Senggrongan Desa Mangir Kecamatan Rogojampi. Ngadege Nundrik iki dudu mung kerana mbedhah kesenian anyar, taping uga ana karep kanggo njaga kesenian gandrung. Gandrung saiki dianggup ngelakoni

salah kaprah merga jugedane ana goyang ngebole hang sing mathuk nyang kesenian gandrung aseline. Nundrik iki kesenian anyar hang diciptakaken seniman legendaris hang wis kesuwur nang Banyuwangi uga sering nggawa prestasi sampek ring negara manca. Arane Kang Sunardiyanto hang dikenal tangane bisa nggawe mencoronge kesenian Banyuwangi uga

pemikirane hang kreatip bisa nguwahi irama ring tarian sampек nduwe rasa lan nduwe alur hang enak dirungokaken. Iyane uga dadi pimpinan ring Sanggar Seni Blambangan Art School Desa Mangir.

Nundrik nduwe ciri has dhewek, bida ambi tabuhan liyane. Hang utamane tabuhan teka jajang kayata selenthem, saron, peking lan demung. Selenthem digawe teka jajang petung makene ulih suwara *nyaring* hang ngingsorane diuwensi jajang makene ngungklung ulihe muni. Semono uga saron lan peking hang nggawene padha, mung beda ukuran lan larase. Demung digawe dhuwur direngga barong kanggo simbul budaya hang magih asri lan magih didhemeni kanggo hiburan rakyat Belambangan. Ana pisan alat-alat hang digawe teka sakliyane jajang yaiku kendhang, kethuk, keluncing, kecrek, bahola, gong uga kempul.

Gendhing-gendhing hang dienggo pajuwane sing luput teka gendhing-gendhing pajuwana
Gandrung klasik uga nganggo lagu-lagu dhaerah Banyuwangi hang dirasa pantes lan enak dijugedi. Gendhing mauka digarap apik ambi Kang Sunar minangka komposer uga ditulungi kanca-kanca panjak liyane makene ulih careme nyang gendhing hang digawa.

Ana unike nyang kesenian iki hang salah sijine wayahe pajuwana iku ulih ngebor lan njuged sak karepe, taping uga ana arane *Wasit* hang njaga sak dawane pajuwana. Wasit mauka dadi penengah ring pajuwana makene sing ana padu lan ngawur wayahe paju.

"Kadhung ana prit awal kartu Kuning, tandha awale diengetaken kerana majune sampек ngelebih aturan. Kadhung wis prit Kartu kuning ping telu, hang maju kudu mudhun tandhane wis ngelanggar lan sing naati peraturan paju hang bener," ujare Kang Sunar sak durunge pajuwana mangkat.

Kesenian Nundrik hang dikawiti dina minggu (19/2) iku dijugedaken ambi Gandrung hang wis kesuwur pisan yaiku Gandrung Mudaiyah. Mbok Mudaiyah iki wis kesuwur suwarane bolak-balik melebu rekaman. Liyane iku uga ana Mbok Devi hang dadi sindhene. Dene Kang Sunar hang dadi pengendhang uga komposere ring iringan Nundrik iku.

Ring kesenian iki uga sing lali rembuk saran uga arahan teka legenda kendhang gandrung yaiku Pak Rajuli hang milu andhil nuntun ring melakune gendhing gandrung lawas kanggo pengiling-iling.

Mudaiyah sing nganggo penganggo gandrung apuwa? "Bab kelambi Nundrik bener nganggo kelambi tari-tarian kaya biyasahe supaya sing ana watesan ngenengi garapan *kreativitas* gendhing lan jugedane. Semono uga apuwa sing nganggo kelambi Gandrung aseline sebab iku wis duwene *filosofi* hang beda artine". Kadhung nang pajuwana Gandrung terob biyasahe iku kudune dijugetaken ngelayung uga miloni kendhangan hang ana ring tata aturan pajuwana. Mangkane jare Kang Sunar tepak ngawiti meras kesenian Nundrik iku mauka "Dadekena kesenian gandrung iku nduwe aji lan bisa dadi pengiling-iling riwayat bengen, aja sampik kesenian Gandrung ilang pakem jugedane kerana ngawur lan sing paham nyang aturane". Nundrik iki dadi wadhalan hang keneng dienggo jugedan sak karepe makene sing ngerusak nyang kesenian Gandrung lan Gandrung makene tetep nduwe aji lan bisa dadi tuladhane perjuwangan ring jaman bengen.

Ring dina Minggu (19/2) iku, merga pentas kawitan, sing kelalenan akeh komunitas hang padha teka lan seniman-seniman hang milu urun tenaga lan pikiran kaya FKSB (Forum Komunikasi Seni Budaya) hang diketuwai Kang Sunar lan kanca-kanca uga maestro tari lan kostum hang wis kesuwur sakat bengen. Kang Subari Sofyan dadi tata rias kanggo Mbok

Kesenian

Mudaiyah sampik dadi ayu uga apik disawang. Kegiyatan iki disokong ambi komunitas Orang Muda Ganjar DPC Banyuwangi hang isine Sosialisasi Seni Budaya uga ngenalaken kesenian anyar Nundrik iki.

Penyokong Nundrik lan anggotane yaiku: Penata Musik: Sunardiyanto teka Mangi, Penata Gerak: Mudaiyah teka Kemiren uga Sunardiyanto teka Mangir, Penata Kostum: Subari Sofyan teka Kampung Melayu, Pendamping: Rajuli pakar Gandrung teka Mangir uga Suparto Hadi pakar musik angklung teka mangir, Penari Nundrik: Mudaiyah teka Kemiren.

Dene Panjake yaiku: Kendang: Sunardiyanto teka Mangir, Kethuk: Anipan Embing teka Aliyan, Keluncing, Kecrek: Misbah teka Derwono, Selentem 1: Suparto Hadi teka Mangir, Selentem 2: Dwi Putra teka Sumberwangi, Saron 1: Agung teka Kedaleman, Saron 2: Sinda teka Kemiren, Peking 1: Alif teka Rogojampi, Peking 2: Egi teka Singojuruh, Gong: Mursit teka Mangir, Demung: Fharel teka Singojuruh, Bahola: Suyono teka Mangir, Sinden: Devi teka Mangir, Pengagás: Sunardiyanto, Produksi FKSB (Forum Komunikasi Seni dan Budaya Banyuwangi), Sanggar Seni Blambangan Art School (BAS) teka Mangir.





Pengagas Kesenian Nundrik: Maestro Kendang Sunardiyanto

Kanca-kanca seniman ring Banyuwangi mesthine wis padha weruh ring tari dhaerah hang aran Gandrung Marsan. Tarian iki wis dadi juwara nasional kerana digawe kelawan apik ambi uwong -uwong hang kreatip uga sing kentekan akal kanggo merjuwangaken seni budaya hang ana ring bumi Belambangan. Salah sijine hang milu iwuh ring tarian iki yaiku Kang Sunardiyanto

hang dadi penata musik uga pengagas hang digarap bareng ambi Kang Subari Sofyan.

Sunardiyanto salah sijine seniman komposer hang wis kesuwur bolak-balik nggarap musik tari-tarian sakat magih enom seperene. Lair ring Desa Mangir taun 1971, Sunardiyanto mula sakat cilik tangane kreatip uga ulih ridhane bapake hang mula seniman Kendang Gandrung sakat bengen.

Mulane sakat cilik iyane dhemen nyang kesenian merga bapake hang aran Rajuli hang sakat bengen uga kesuwur dadi tukang kendhang Gandrung hang kerep nuntun lan nguweni pituduh makene bisa dadi generasi penerus kanggo ngelestarikaken kesenian dhaerah. Rajuli dadi saksi uga pelaku ring Kesenian Gandrung klasik sakat bengen. Wis akeh gandrung-gandrung hang merguru sampik bisa dikenal luas lan duwe suwara apik kerana dhidhikane.

Sakat magih SD kelas 4 taun 1984 wis tau makili Kecamatan Rogojampi dadi tukang kendhang ring Festival Angklung Tingkat Pelajar Sekolah Dasar lan dadi juwara 1. Sakliyane iku uga akeh pestipal-pestipal nasional uga internasional hang dipiloni. Salah sijine conto, kaya hang dibahas ring wacan kawitan mauka isine Tari Gandrung Marsan hang wis nggawe bungah merga bisa dadi juwara nasional ring Festival Tari Nasional Taun 2009.

Sunardiyanto uga pernah milu grup angklung caruk hang salah sijine teka Dusun Susukan Desa Gladag Kecamatan Rogojampi ring taun. Tau uga dadi komposer nggarap gendhing-gendhing dadi giroan hang bisa dadi rungon-rungon gawe enak nyenengaken kanggo dirungokaken. Salah sijine gendhing hang kerep digawa ring kesenian angklung saiki yaiku gendhing Deresesan teka Alm. Sumitro Hadi hang digarap apik ring Sunardiyanto bisa dadi giroan uga gendhing isuk-isuk kanggo nggugah jenggirate tandang gawe.

Ring taun 2023 iki dadi sejarah anyar kanggo Sunardiyanto kerana ulihe mikir kreatip bisa ngedegaken kesenian anyar hang aran Nundrik. Mula magih durung akeh hang weruh merana mula kesenian hang buru digawe ring taun iki. Nundrik iku kesenian

hang tabuhane sebagian teka jajang digawe kaya wilah gamelan hang ngisor didelehi jajang. Liyane iku, ditambah ambi kendang, kethuk, keluncing, kecrek uga gong. Ana maning arane demung digawe teka jajang hang suwarane nganggo nada endhep uga ukurane gedi. Nundrik iku ana penarine wadon siji hang bisa dipaju sak uwise juget jejeran.

Sedurunge metu jejeran, ring urutane Kesenian Nundrik iku ana Gendhing Gebyar Pembuka hang ditutugaken ring gendhing giro. Sak uwise iku, ana gendhing-gendhing gandrung klasik hang digarap uga gendhing hang biyahsa dinyanyekaken ring jaman saiki. "Niyat awak dhewek ngenalaken Nundrik dadi kesenian anyar ring Banyuwangi iki kanggo nyelametaken kesenian Gandrung Klasik makene wutuh asli lan sing ilang pakeme kerana pengaruh teka perkembangan jaman modhernisasi" Jare Sunardiyanto ring rembuk kelompok Nundrik.

Ring kawitan meras Nundrik iku, Sunardiyanto uga negesaken nyang generasi makene Kesenian Gandrung klasik iku aja dienggo juget hang sing-sing makene sing ilang marwah uga keasliane lan keneng dadi tinggalan anak putu mbisuk. Teka kesenian Nundrik iku bisa dadi karep ati juget sak bisane sing kaya jugetan gandrung klasik. Gendhingane semunu uga bisa njaluk sak munine hang dibisani uga diapal.

"Teka kene iki maksud hang dadi cikal bakal makene pakem gandrung sing ilang kaya jugetan-jugetan hang kudune sing dienggo nang gandrung klasik, makene dienggo nang kesenian Nundrik iki," ucap Sunardiyanto ring acara meras kawitan

Urip-matine Sanggar Tari Kudu bisa Kreatip, Sing Mung Nyageraken Dum-duman

Sakat Banyuwangi dipimpin Bupati Abdullah Azwar Anas, seni budhaya tradisional hang taun-taun sedurunge kaya kingslep lan kesilep, mangkat njenggirat. Semono uga kahanane sanggar-sanggar tari hang akeh-akehe mung kari arane, ya wis padha njegog ngetap megiyete. Lan saiki iki, hang aran sanggar tari wis dadi jujugane lalare hang kepingin ajar njuged lan milu nguri-uri budhaya. Mula iku, saiki emeh kabeh sanggar tari padha umet lan emuk ngelatih murid-muride.

Nurut cathetane Dinas Kebudayaan lan Pariwisata (Disbudpar) Kabupaten Banyuwangi, saiki iki hang resmi kedaptar akehe ana 70-an sanggar seni/sanggar tari. Teka kabeh sanggar hang kecathet iku, kabeh diuweni kesempatan main kadhung ana undhangan main hang liwat Disbudpar.

Setemene, kelendi kahanan lan 'mati-uripe' sanggar-sanggar tari hang ana ring Banyuwangi saiki iki? Kelendi sanggar-sanggar iku bisa tahan utawa sing sampek bubar merga sing ana tanggapan main? Yara kanggo nguripi sanggar ya perlu bandha hang sing sithik?

Ndane bisatah kadhung mung nyageraken undhangan teka Disbudpar? Pirangane dina kepungkur, penulis nyacak sanja nyang pirangane sanggar sakperlu nemokaken jawaban teka pitakonan mauka. Ring ngingsor iki asile.

Suko Prayitno
Sanggar Tari Gandrung Arum

Sanggar Tari Gandrung Arum hang ana ring Dusun Trembelang, Desa Cluring, Kecamatan Cluring iki diedegaken ambi Suko Prayitno tanggal 13 Januari taun 2000 kepungkur. Saiki, murid sanggar hang aktip ana 150-an lare akehe. Megiyet latihan angger dina Minggu. Ngenani bandha kanggo nguripi kegiyatane sanggar, saben teka latihan mbayar Rp. 10.000 sak lare.

Miturut Suko, ulihe urunane lalare murid iku setemene bain ya adoh teka cukup kanggo

mbandhani megiyete sanggar. Paran maning kadhung tepak ana kegiyatan nong njabane sanggar. Naming, jare Suko, kabeh kebutuhan bandha iku magih bisa diatasi merga kabeh padha-padha senenge bisa nguri-uri budhaya.

"Secara akal sehat, ulihe urunan teka lalare iku ya sing bisa nyukupi enggo bandha ngurip-uripi sanggar. Pokoke kadhung tepak ana acara, bisa kanggo nyukupi acara iku bain wis apik. Dadi ya kabeh kudu bisa diakal, kelendi carane kabeh bisa diatasi lan megiyete sanggar bisa melaku. Yara tujuwane ngedegaken sanggar iki setemene sing dienggo golet picis. Tapi dhasare ati seneng lan dhemen nyang seni-budhaya,"ujare.

Nyatane, jare Suko nerusaken ceritane, sing sithik murid-murid sanggare hang wis kerep diundhang utawa dikanggokaken nong acara-acara sak njabane kegiyatan Disbudpar. "Sanggar dhewek ya wis kerep ulih undhangan main teka instansi utawa institusi sakliyane Disbudpar. Teka kegiyatan iku lalare ya ulih picis," jare Suko.





Dwi Agus Cahyono
Umah Seni Kuwung Wetan

Beda cedhung beda iwake. Gedigu kira-kira gambaran ngenani 'mati-uripe' sanggar hang ditangani ambi seniman hang ngedegaken. Kadhung uripe sanggar akeh-akehe mung nyageraken dum-duman utawagiliran main teka pemerintah daerah, sanggar 'Umah Seni Kuwung Wetan' hang diedegaken lan ditangani ambi seniman tari hang aran Dwi Agus Cahyono iki mula rada beda.

Miturut Dwi, akeh-akehe sanggar magih durung bisa 'mandhiri'. Uripe magih nyageraken dum-duman lan rebutan jajan hang ana ring njero toples.

"Kadhung mung nyageraken dum-duman jajan hang anaring njero toples, aju kapan sanggar bisa maju lan propesional," jare Dwi, hang salah siji tarian garapane yaiku 'Niskala Seblang' taun 2018 dadi juwara tingkat nasional.

Paran maning, jare Dwi, ngenani 'dum-duman' main teka pemerintah liwat dinas saiki akeh hang langsung njaluk liwat sekolah-sekolah. "Setemene bain, murid-murid sanggar iku akeh-akehe yara lalare sekolah. Dadi kadhung njaluke langsung teka pihak sekolah, ya lalare hang nong sekolah iku ya mesthi kudu gelem milu. Kadhung kahanan hang kaya gedigu iku digenengaken terus, bisa-bisa akeh sanggar hang mati," ujare. Mula iku, jare Dwi nerusaken, pengelolaan sanggar kudu bisa ngarah nang propesionalisme.

Naming, jare Dwi, kabeh sanggar mula rata-rata padha njaluk urunan teka murid-muride. Semono uga sanggar hang iyane tangani. Salah siji tujuwane sak perlu kanggo 'muket' lalare murid supaya sing

gampang melebu-metu teka sanggar. Jare Dwi, Umah Seni Kuwung Wetan hang duwe murid aktip 100-an lare iku narik iuran per ulan sampek Rp 40.000 saben lare. Kegiatan latihan sak ulane sampek ping 6 (enem) ditambah latihan bengi ping pindho.

Kanggo nyukupi kebutuhan lan ngembangaken sanggar, miturut Dwi, sanggar ya kudu bisa gawe 'karya' hang payu diedol nyang masarakat. Karya-karya sanggar hang tujuwane nguweni kesempatan lalare murid sanggar supaya tetep bisa terus ngembangaken bakat narine iku contone ya bisa diunggah nang Youtube utawa main nong terobe wong iwuh. "Kadhung sing gedigu ya sekaken lalare. Masa wis ajar nari, mbayar, naming mung dimainaken setaun sepisan kadhung ana acarane pemerintah," jare Dwi, hang salah siji karya sanggare wis tau ditanggap main ambi perusahaan tambang emas PT BSI.



Jajulaidik Sanggar Tari Sayu Wiwit Aliyan

Sanggar tari Sayu Wiwit hang markase ana ring Desa Aliyan, Kecamatan Rogojampi iki diedegaken ambi Jajulaidik, S.Pd., seniman tari hang uga guru seni ring SDN 1 Lemahbangdewo, Kecamatan Rogojampi, taun 2003 kepungkur. Miturut Kang Jul – celukane Jajulaidik, murid sanggare saiki iki sing kurang teka 150-an lare.

Padha ambi sanggar-sanggar liyane, lalare murid sanggar tari Sayu Wiwit ya mbayar iuran hang gedhine Rp 5.000,- sak lare, saben teka latihan. Hang rada beda ambi sanggar-sanggar liyane, picis ulihe iuran iku hang nangani dudu Kang Jul dhewek, naming diserahaken nyang salah sijine murid hang dipercaya.

“Sakliyane enggo mbantu kebutuhan sanggar, picis ulihe iuran iku ya minangka tabungane lalare dhewek, hang dibukak kadhung tepak arep Lebaran. Salah sijine ya dienggo kesejahteraane pelatih hang ngelatih ring sanggar kene,” jare Kang Jul, hang nong sanggare ngelakokaken sistem kepelatihan ‘bertingkat’.



“Dadi ning sanggar kene iki, hang ngelatih njuged dudu mung Isun dhewek. Murid-murid hang wis senior kudu bisa lan wani ngajari adik-adik yuniore,” jare Kang Jul, hang wis nggawe lan duwe program 'Seniman Masuk Sekolah' iki. Maksude?

Dijelasaken, sakliyane ngajari njuged, sanggar tari Sayu Wiwit ya nganakaken 'kaderisasi' pelatih hang tujuwane supaya bisa dikembangaken nong njabane sanggar. “Dadi lalare hang wis layak dadi pelatih, bisa ngajar nong njabane sanggar, yaiku nong sekolah-an sekolah-an hang mbuthuhaken pelatih. Opah ulihe ngajari nong sekolah-an sekolah-an iku picise ya diimpet dhewek ambi larene. Naming ya ana sithik hang kudu disisihaken lan dikumpulaken ambi ulihe iuran liyane, hang keperluwane kanggo bhakti sosial nyang masarakat. Lan saiki iki wis ana lare 8 (wolu) hang wis aktip ngelatih nong sekolah-an sekolah-an. Malah ana hang ngelatih ning sekolah-an dhewek. Ya dibayar,” jare Kang Jul, hang salah siji karya tarine yaiku 'Sang Hyang Titis' nong acara Pekan Cipta Seni 2022 ring Taman Krida Budaya, Malang, ulih predhikat 'Penata Tari' lan 'Penata Musik' terbaik.

Ditakoni ngenani undhangan main hang diterima sanggare, jare kang Jul, malah akehan ulih undhangan teka njabane birokrasi pemerintah dhaerah. “Diundhang birokrasi dhaerah iku akeh-akehe anggarane sing nyukupi kanggo mbandhani. Dadi sanggar iki malah kerep ulih kundhangan teka njabane birokrasi. Hang kerep nggawe sanggar Sayu Wiwit iki misale instansi kepolisian. Malah wis dadi langganan Polda Jawa Timur. Sampek ambi Pak Kapolda dikongkon ngelatih para Polwan njuged Gandrung,” jare kang Jul.

(Eko Budi Setianto)





LEBARANE WONG USING

oleh:
Nani Asiany Ms

Lebaran, ucap kang wis anjrah ning endi-endi. Kanggo wong Jawa ngarani lebaran iku riyaya, sedheng masarakat Indonesia dhewek ngarani lebaran nganggo istilah Hari Raya Idul Fitri. Tekane lebaran, mesti disulungi ambi puwasa sak ulan ring ulan Puwasa utawa ulan Romadon. Itungane puwasa macem-macem. Ana kang sak ulan suwene 29 dina lan ana kang suwene 30 dina merga ring taun Hijriyah utawa taun Jawa suwene dina saben ulane sing bisa dipastekaken kaya taun Masehi kejaba nganggo itungan hisab. Kadhung ring taun Masehi mesti ring ulan Januari, Maret, Mei, Juli, Agustus, Oktober, lan Desember

akehe 31 dina. Gedigu pisan ring ulan April, Juni, September, lan Nopember akehe 30 dina sedheng ulan Pebruari tergantung taune. Kadhung angka taune keneng utawa entek dipara papat akeh dinane ya 29 dina. Kadhung sing keneng dipara papat, akeh dinane mung 28 dina. Beda ambi lebaran 1 Sawal kang mesti nganggo taun Hijriyah utawa taun Jawa, akehe dina ring ulan Puwasa kadhang 29 dina, kadhang 30 dina. Mangkane ana kang arane lebaran Projolan, maksude wis dikirakira akehe dina puwasane 30 dina, sing weruha ambi Pemerintah diumumaken suwene puwasa mung 29 dina. Kadhung lebaran projolan, makene



tepak unjung-unjung ana kang disuguhaken kadine kang aran mbeleh pitik, nggodhog kopat dilakoni bengi iku merga pengumumane disampekaken wayah bengi.

Tulisan iki dikawiti ambi bab puwsaan polae sing ana kedadean lebaran kadhung sing ana puwsaan. Biyasahe masarakat Banyuwangi utawa wong Using kadhung nampa/mapag tekane puwsa kang diarani penampnan utawa mapag puwsa padha nganakaken ritual kirim doa nyang Hang Maha Kuwasa. Ritual iki liyane kirim duwa (doa) kanggo para leluhur uga mangan bareng ring lurung ngarep umahe dhewek- dhewek. Panggonan kang magih ana acara gedigi yaiku Kemiren, Olehsari, Glagah, lan Bakungan ring kecamatan Glagah lan Cungking Mojopanggung kecamatan Giri. Tujuwane nganakaken upacara iki makene ngelakoni puwsaan engko sing ana alangan paran- paran. Panganan kang rupa iwak pitik ragi kecap kang diarani pitik kalak iki salah siji olahane. Kopat lan lepet uga sing ketinggalan dinggo menu wajibe. Kopat kang rupane pesagi iku nduduhaken aruhe panggonan. Ana lor kidul, wetan lan kulon. Barokahe panganan kopat makene barokahe bisa teka lor kidul wetan kulon iku. Ana pisan nalika penampnan iki padha ngerijigi kuburan utawa makame wong tuwek, embah anang, buyut, lan dulur beraya ambi nggawa kembang kirim lan ndonga. Wong Using beda ambi wong Jawa umume. Kembang kirim wong Jawa cukup nganggo kembang telon tapi kadhung wong Using kembang kirime didelehi reb- reban pandhan wangi. Kadine kesuk puwsa kang aran makam- makam padha katon rijig lan wangi pandhan.

Ana maning ritual kang dianakaken arep puwsaan. Arane "Resik Lawon" panggonane nong Cungking Mojopanggung Kecamatan Giri. Lawon kang waktu iku arep dijuwut, dina Rebo malem Kemise wis disiyapaken ubarampene nong bale tajug, bale kanggo nyimpen barang- barang bersejarah peninggalan Buyut Cungking. Dina Kemise, lawon utawa lawe kang dawane kira- kira

100 meter kang dinggo selambu petilasane Buyut Cungking uawa Ki Wongso Karyo dicoplok aju dilepit, diwadahi nong 20 panggonan teka nam-naman jajang. Ambi nyoplok selambu, latar ring petilasane iku disapu sulung. Sakteruse lawon digawa rame- rame nyang Dam Krambatan Banyu Gulung nong Banjarsari (kira- kira 29 km adohe teka petilasane Buyut Cungking), aju dikumbah sakdurunge digawa nyang Bale Tajug Cungking kanggo dibilas lan diperes. Unike, lawon kang sakmono dawane iku dikumbah wong lanang kabeh, sedheng banyu bilas lan peresane dipercaya nggawa barokah. Serta mari diperes aju dipepe. Mepene kain kang dawane 100 meter nong tengah dalan, ditonjok sing ulih keneng lemah. Serta wis garing aju dilepit maning lan disimpen ning bale tajug sakdurunge dibalekaken maning nong petilasane Buyut Cungking. Acara Resik Lawon iki tujuwane ngerijigi awak sakdurunge puwsa. Serta mari acara Resik Lawon dipungkasi ngirim kembang lan selametan ning petilasan Buyut Cungking.



Resik Lawon

Lebaran: Adat-adat ring Banyuwangi

Tambah parek lebaran, tambah megiyete. Kang duwe undhuhan kelapa mulai ngedhunaken kelapa kanggo nggawe sawur, juruh utawa kokohe jangan. Undhuhan janur dienggo urunge kopat lan urunge lepet. Kesuk lebaran pitik dibeleh. Ragi kare, ragi opor lan ragi liyane disiyapaken. Ancak uga wis digawe kanggo diisi sega kesuk isuk-isuk. Mangan bareng sakmarine salat Ied. Lare-lare lanang utawa lancing sakat soren wis nekani langgar mulai nabuh bedhug. Gantian ulih nabuh. Bengine padha takbiran bareng-bareng, ana kang cukup nong langgar taping ana pisan kang muter-muter kutha ambi nunggang montor.

Wis kaya adate, mari salat Ied nong langgar utawa masjid/lapangan padha unjung-unjung nekani wong kang lebih tuwek. Kadhung kang salat ring langgar mari sholat Ied magih mangan bareng-bareng nganggo ancak. Ancak iku salah siji wadhah sega kang digawe teka papahé godhong gedhang. Kang unjung-unjung padha dipapag ambi gedhang godhog nong arep umah kang wis padha mateng.

Kanggone wong Banyuwangi, dhayoh kang unjung-unjung langsung dikongkon memburi nong pawon ngerasakan panganan lepet lan olah-olahan lebaran. Kopat lan jangan kare utawa jangan lodhoh ditambah sambel petis, sawur lan liya-liyane wis cemepak ring pawon. Ombenan sing mung setrap taping ana pisan ombenan temu lawak lan secang. Kadhung kepingin ketemu wong akeh, unjung-unjunge nong guru ngaji merga kang kawitan diparani mesti dipilih kang dadi guru ngaji, kiyai-kiyai utawa ulama kang dituwekaken.

Unjung-unjung sing mung sedina rong dina taping bisa sampek seminggu. Kadine ring Banyuwangi magih ana lebaran kopat. Maksude wong-wong Banyuwangi ngelakoni puwasa Sawal sulung kang suwene nem dina, dipungkasi lebaran kopat. Kadhung sakdurunge ana gedhang godogan, tepak lebaran kopat wis sing ana maning merga ulih sedina rong dina gedhang godogan wis kukut.

Lakune adat ring Banyuwangi kang dianakaken seru akehe. Saben desa emeh duwe adat kang mesti dilakoni nong saben taune. Perkara kapan,ulan paran, beda-beda waktune. Kanggo adat kang dianakaken sakmarine lebaran utawa magih ana ning ulan Sawal, penulis arep nyeritakaken adat-adat iku antarane: **Ider Bumi, Gelar Pitu, Seblang**, uga **Puter Kayun**. Kadhung lebaran kopat, kang dianakaken sakmarine puwasa nem dina iku, wong Banyuwangi padha ambi wong dhaerah liyane.

Kaya kang wis ditulis ring ndhuwur, umat Islam mungkasi lebaran ambi Lebaran kopat. Tepak lebaran, kecaruk ambi dulur-dulur adoh teka kutha kang ana sak Indonesia kaya nana tuwuke. Biyasahe dulur-dulur adoh kang wis manggon nong njabanc Banyuwangi padha dadi anggota Ikawangi. Embuh pirang kutha kang aran Ikawangi iki ngadeg lan dadi kumpulane wong-wong *diaspora* Banyuwangi.

Kadhung wis mulih tepak lebaran, geredhoan nalika unjung-unjung magih katon-katonen pecake. Kabeh wis dadi dulur. Ana kang kecaruk kanca sekolah, kanca memengan malah ana kang kecaruk ambi anake calon maratuwa wurung nggarai kepingin kecaruk maning ning lebaran taun ngarep. Mula, kadhung nggesahaken lebaran sing ana kukut-kukute, ceritane nyambung teka pucuk kiwa lan tengen uga cerita teka ngalor sampek ngidul. Ceritane uga beda-beda. Ana kang seneng merga tambah keluarga, ulih pcgaweun kang mula dadi kepinginane lan duwe anak putu sakmono akehe. Ana kang kaget merga sing disangka lan sing dinyana kancane utawa dulure wis nana umur. Kanca kang bengen musuhan dadi jodhone. Taping akeh-akehe ceritane seneng kabeh bisa kumpul maning masiya diwatesi mung piranganc dina. Kadhung pereine magih dawa biyasahe dulur/kanca adoh magih dhemen melaku-melaku kelenceran. Kelencerane sing mung nong panggonan wisata, panggonan kang nganakaken weluri adat uga bisa dadi jujungan.



Ring kene penulis arep nulis adat-adat kang dianakaken sakmarine lebaran taping magih ning ulan Sawal. Antarane: Adat Ider Bumi. Mula emeh saben desa ana adat Ider Bumi utawa bersih desa iki. Adate yaiku ngideri watese kampung kang dianakaken tepak tanggal 2 Sawal kaya ring desa Kemiren. Taping ana pisan kang dianakaken tanggal 7 Sawal tepak lebaran kopat. Tujuwane supaya warga desa iki diadohaken balak belahi, sawah lan kebonan padha subur nguripi wargane. Cara rituale, nalika jam loro bedhug kabeh warga Kemiren metu ngarak barong kang dikawiti teka lawang kori melebune desa nuju panggonan mangku barong kang adohe kira-kira rong kilo. Tepak diarak, barong-barong iku dietutaken para sesepuh utawa tuwek-tuwekane desa ambi nggawa dupa ambi ngerapalaken donga-donga kanggo selamete warga desa. Pemimpin ritual nyerewataken sembur uthik-uthik kang ana beras kuninge, kembang lan picis kenthing. Saksuwene melaku, diwacakaken pisan macapat utawa tembang lontar Yusup kanggo ndonga nyang Hang Maha Kuwasa, kang dipercaya warga kanggo ngusir macem-macem penyakit, pagebluk, lan balak belahi. Serta wis diarak, mbalik maning nong pusaran aju selametan. Selametane mangan sega tumpeng pecel pitik bareng-bareng. Sedina sakdurunge, masarakat padha nggawe lepet lan jajan tradhisional liyane kang diedumaken nyang penonton. Taping ana pisan acara Ider Bumi nong panggonan liya kang mung nggawa ancak aju macamaca donga ngideri kampung, sing kaya adat ring

Kemiren kang diiring ambi barang lan pitik-pitikan.

Gelar Pitu, diarani pisan Sedhekah Bumi utawa Bersih Desa kang anane ring Dukuh desa Glagah. Adat kang dianakaken tepak Lebaran Kopat iki, nalika ngideri bumi utawa kampung kejaba diiringi barang uga diiring pisan arane gunungan (ditata kaya gunung) taping kang ditata iku rupa urunge kopat kang njerone diisi picis. Ana kang diisi picis mung sewu, rong ewu, limang ewu sakkarepe kang ngisi utawa k a n g n y u m b a n g .

Sumbangan kopat isi picis iku aju ditata kaya gunungan. Sakdurunge diarak, gunungan kopat lan barang disucekaken sulung nganggo banyu pitung sumber kang ana ring desa kono. Banyune aju diciptataken nong gunungan lan baronge. Sakteruse gunungan lan barang diarak sampek nong makame leluhur. Gadug kono aju kauman sega ancak kang digawa. Urunge kopat kang isi picis iku aju direbut sampek entek. Masiya rebutan urunge kopat ulih mung sithik utawa serta dibuka mung isi picis sewu rong ewu taping atine seneng kabeh.

Sakmarine lebaran, biyasahe ditepakaken dina Senin utawa Jemuah, ring desa Olehsari digelar ritual adat Seblang. Seblang kang suwene seminggu iki dijudgedaken ambi lare wadon kang biyasahe durung munggah perawan taping ya sakkarepe danyange, sapa hang dituding. Kang dadi seblang sing mung pokoke lare magih enom taping larene kudu dipilih ambi wong kang dituwekaken utawa nurut leluhur ning kono ultihe mertapa. Sakdurunge ritual, dikawiti sulung ambi selametan nong makam sesepuh yaiku Ki Buyut Ketut lan Buyut Cili. Aju nggiring penari Seblang nong panggonan njuged. Tujuwane dianakaken Seblang jare makene sing ana pageblug balak belahi.

Biyasahe Seblang ring Olehsari iki dikawiti jam loro bedhug sampek ngarepaken magerib. Panganggo Seblang Olehsari iki mula unik. Omproke teka kembang kang dironce lan pupuse godhong




gedhang kang dienam. Tampilane nalika njuged, iyane muteri panggonan kang wis dipayungi. Taping lare kang njuged seblang iku kejimen (*trance*). Kadhung penonton diuncali sampur ambi penari seblange, tandhane penonton iku kudu milu njuged bareng seblange.

Taping lebaran taun iki sing biyasah merga lare hang dadi Seblang larene wis nikah malah larene wis meteng. Apuwa lare iku magih didadekaken Seblang? Merga nutugaken taun kepungkur kang sing ana gelaran Seblang jalanan ana pandemi covid-19. Kadine rong lebaran sore sing ana gelaran seblang.

Ana maning kang aran adat Puter Kayun. Adat iki dianakaken saben tanggal 10 Sawal. Sakdurunge dianakaken puter kayun iki bengene ana cerita. Bengen, magih jaman penjajahan, pemerintah VOC merintah Residen Schophoff supaya mbangun lurung teka Banyuwangi ngaloraken, tepak jamane Bupati Mas Alit. Ngersayane sampekkulan taping kang aran lurung sing mari-mari malah akeh mangan korban kerana ngersaya kang arane kerja paksa rodi iku sing diopahi, kadine akeh kang mati kerana lempiriten. Serta weruh akeh rakyate dadi korban tanpa aji, ambi bupati ngersaya mbangun lurung iku diendhegaken.

Temokaken gadug ketapang ngalor, nong tengah-tengah ana gunung watu kang sing keneng didhodhol. Uwong kang ngersaya sakmono akehe sing ana kang sanggup ndhodhol watu iku. Kerana sing ana kang sanggup ndhodhol watu ahire Bupati Mas Alit lan Residen Schophoff sepakat nganakaken sayembara. Sapa-sapa kang bisa ndhodhol gunung watu, arep ulih upah tanah kang werane sakat teka gunung watu sampekk Sukowidi. Taping sampekkulan magih sing ana kang sanggup ngeleboni



sayembara iki.

Emane Mas Alit enget ambi Ki Martajaya, wong sakti kang dadi juru ramut jaran nong Mas Alit. Ki Martajaya kejuluk Ki Buyut Jaksa merga diangkat dadi jaksa agama. Ki Buyut Jaksa urip nyepi ring Silangu manggon nong pondhoke Kik Lemani kang duwe anak arane Nuriman hang uga diempet anak ambi Ki Buyut Jaksa. Enget gedigu Mas Alit sakal ngutus Singa Taruna, Singa Maya lan Singa Dilaga. Sing kathik engko maning, wong telu ngetepeng nunggang jaran nemoni Ki Buyut Jaksa. Serta kecaruk ambi Ki Buyut Jaksa, wong ketelon nyampakaken pesene Bupati Mas Alit. Taping Ki Buyut Jaksa sing mara-mara gelem nerima penjaluke Ndara Kanjeng Mas Alit. Iyane gelem nerima kelawan sarat yaiku wong-wong VOC kudu milu ngersaya lan kang mimpin ngersaya iku kudu anak angkate kang aran Nuriman. Bupati liwat utusan iku nyaguh.

Wayah lingsir Ki Buyut Jaksa kang sakti iku melebu langgar lungguh silah dhewekan. Sing antara suwe dhemit ampyak-ampyakan teka ngeteraken rajane merga mula ditekakaken Ki Buyut Jaksa. Para prajurit kang akehe ewonan padha nganteni ring njabane langgar. Ki Buyut Jaksa njaluk nyang Raja dhemit supaya gelem ngerewangi ndhodhol gunung watu pinggir segara ring panggonan uripe dhemit. Padha dene Ki Buyut Jaksa kang njaluk sarat nyang Mas Alit, Raja dhemit uga njaluk sarat nyang Ki Buyut Jaksa. Sarate ana telu. Siji, dipenging ndhodhol lebih teka anjir kang wis dipathekaken. Loro, digawekaken panggonan lungguh ring wetane dhodholan kang parek ambi segara. Telu, Ki Buyut Jaksa lan sak turunane kudu gelem nyambangi.

Telung sarat disanggupi. Nalika rombongan raja lan dhemit mulih ninggalaken Gunung Silangu, kaya mercon celorotan padha melesat ngeloraken. Serta waktu kang wis disepakati teka, wong-wong aju rame-rame melaku ngolor kang dipimpin Nuriman sampek gadug nong gunung watu. Ki Buyut Jaksa sing milu mung njangkungi teka gunung Silangu. Naming suwarane bisa mbisiki nong kupinge

Nuriman.

Ngersaya dikawiti Ndara Kanjeng Mas Alit, aju Residen Schophoff lan seteruse ngersaya rame-rame antarane rakyat Banyuwangi lan wong-wong VOC. Sekala iku para dhemit milu nulungi, naming sing ngewujud alam menungsa. Ulih telung ulan ndhodhol gunung watu bisa dimarekaken, lan panggon lungguhe raja dhemit kejuluk Watu Dhodhol. Taping kerana ana cerita liyane, saiki panggonan iku kejuluk Watudodol. Jare ceritane jenang dodol kang kutah ring panggonan kono. Mung perlu diweduhi, aran Silangu saiki kejuluk desa Boyolangu, Kanggo mengeti utusan kang aran Singa Taruna, Singa Maya, lan Singa Dilaga ahire saiki kejuluk aran panggonan yaiku Singotrunan, Singomayan, lan Singodilagan kang kabeh panggonan iku ana ring kecamatan Banyuwangi. Kanggo mbayar semaya nyang raja dhemit, saben tanggal 10 Sawal masarakat Boyolangu nganakaken puter kayun nunggang dhongkar ampyak-ampyakan nekani Watudodol.



Puwasa lan Jajan Lebaran

Ring Banyuwangi kadhung tepak puwasaan akeh wong dodol kerai. Kerai iki wujude kaya timun tapi bisa gedhe kaya kates. Biyasahe uwoh kerai kang wis kemunir dienggo serbet, ombenan hang didhemeni wong kanggo buka. Bengen wong dodol kerai emeh saben dina ana, dienggo ramongan rujak. Taping saiki kadhung sing tepak puwasaan nggolet kerai seru angele. Jare petani kerai, nyeja panene engko ditepakan pas puwasaan.

Wayah soren wong dodol kanggo bukaan wis padha mulai mbukak. Wong-wong kang sakdurunge dodol panganan wayah isuk, husus puwasaan mbukake ganti wayah soren sampek bengi ambi nganteni bubare wong maderusan. Dodolane uga beda, sakliyane dodolan rujak, rujak soto kaya biyasahe, ana tambahan liyane kaya, lakkak, pereket, pathola, apem juruh, lan kopyor.

- **Lakkak:** panganan iki kaya serabi, digawe teka gelepung beras. Kadhung serabi, mangane diuwur-uwuri kelapa aju diweni uwur-uwur gula jawa kang wis digawe kenthel kaya kecap. Sedheng panganan lakkak sing diweni kelapa lan gula taping diweni

kokohan santen gurih/asin. Kadhung wis kerendhem, lakkak wenak dipangan merga juruhe wis ngeresep nong adonane.

- **Pereket:** panganan kang digawe teka kukusan gedhang saba kang mateng aju dipereket. Mangane pereket serta diweni juruh kang rasane gurih/asin

- **Patholah:** panganan iki ana kang ngarani pethola. Biyasahe dikelir macem-macem. Umume ana kang putih, abang lan ijo. Digawe teka gelepung beras, diulen, dipereket, aju dideleh nong lembaran godhong (makene matenge sing jangget) aju dikukus. Nyuguhaken pathola iki carane dijuwut siji utawa rong jumput pathola, dideleh ring jembung/piring aju diweni juruh santen manis nganggo gula jawa. Cara nggawe juruhe yaiku santen kelapa diweni gula jawa, uyah sithik lan dicemplungi godhong pandhan. Bisa ditambahi irisan nangka.

- **Apem juruh:** Carane nyuguhaken padha ambi lakkak lan pereket gedhang, mung juruhe sing asin taping digawe manis kaya juruhe patholah. Mangkane kadhung nggawe panganan apem juruh

iki kudu siyap santen lan gula jawa kanggo kokohe. Paran maning diceburi godhong pandhan, juruhe tambah sedhep lan arum.

- **Kopyor:** panganan iki digawe teka roti tawar ditambahi loksor kang diweni juruh manis (teka gula pasir). Carane: siyapena godhong kanggo sak pincuk, ditata ring pincukan, yaiku roti tawar sak lembar, loksor kang wis direndhem (aja suwe-suwe ajune ajur), dilengkapi irisan nangka. Kepingin ditambahi liyane ya keneng umpamane kolang-kaling lan liya-liyane. Aju dipincuk lan disemati, sakteruse dikukus sampek mateng, tengerane kadhung kelir godhonge wis uwah

Panganan-panganan kang anane pas puwasaan iku kang paling disenengi lare-lare biyasahe panganan kopyor. Kadine ring endi-endi akeh wong dodol panganan kopyor iki. Maninga keneng dienget lan dienggosaur.

Megiyete puwasaan dipungkasi mapag lebaran. Seminggu sakdurunge lebaran, hususe emak-emak mulai megiyet nyiyapaken lebaran. Kelambi kanggo anak-anak wis padha dijaitaken. Kang sing

nutut waktune lan ditulak ambi penjaite merga sing semayan sulung, kelambi lebarane tuku kang wis dadi, kari nganggo. Jamaah salat terawih mulai mungsret nyithik- nyithikaken. Nong umah wis padha ngorahi topeles kanggo wadhab jajan lebaran. Ragi-ragi wis padha cemepak ring ceraken. Mulai ragi kanggo sawur, sambel petis, dhendheng, kare, opor, bawang goreng wis cemepak kabeh. Gedhang ambon, gedhang srinyonya, gedhang susu utawa gedhang buah liyane mangkat diundhuhi/ ditegor kanggo dipasang nong arep umah didadekaken gedhang godogan. Masange gedhang godogan lengkap sak curunge kang magih mentah iku diimbu (dibungkus) lan ditalekaken nong saka ngarep umah. Engko tepak lebaran, gedhang dibukak bangete mateng. Sapa bain kang unjung-unjung bisa methik gedhang godogan kang wis dicepakaken iku.

Sing mung nyiyapaken ragi-ragi, jajan-jajan kanggo suguhan lebaran wis mangkat disiyapaken. Jajan lebaran has wong Banyuwangi antarane:

1. Gerunggung, ana kang ngarani cetholan, jumputan utawa rengginang. Akeh-akehe panganan kang digawe wong Banyuwangi iku teka beras utawa ketan. Gerunggung digawe teka ketan, dikukus, dicethol, dipepe aju digoreng. Makene sing kaples,

gerunggung kudu dilebokaken nong topeles utawa blek. Rasane macem-macem. Ana kang rasa bawang putih, ana kang rasa terasi, ana pisan kang rasane manis. Saiki, gerunggung ana pisan kang rasa iwakenus. Mula ndeleng kelire sing pati ndhemenaken taping serta dirasakaken, gerunggung rasa iwakenus sing kalahanake.

2. Manisan asem. Kang dipilih kudu asem kang magih wutuh. Ngenceti kulite kudu atati makene sing sampek coplok asem teka gagange. Makene kecute rada ilang, sakdurunge digulani aseme dikum sulung ring banyu enjet. Taping sing ulih suwi-suwi makene asem tetep wutuh lan sing berodhol. Nggulani asem kudu tepak musim panas makene cepet garing. Serta wis diwolak-walik digulani, dipepe, ahire manisan asem pantes disuguhaken kanggo dhayoh kang unjung-unjung.

3. Manisan pala. Padha ambi manisan asem, manisan pala uga dipepe lan digulani kang sakdurunge digeprek sulung makene sing kari kandel manisane. Maninga kadhung kekandelen suwe garinge.

4. Manisan cerme. Beda ambi manisan asem lan manisan pala, kadhung manisan cerme sing kathik dipepe, taping diolah lan digulani. Mangkane manisan cerme gampang jamuren, sing awet kaya manisan asem lan

manisan pala.

5. Kerimping kuning. Wong liya ngarani kerimping kuning iki peyek. Isine sing mung kacang cina, utawa kacang ijo taping ana kang nganggo gerang teri uga gerang garung. Bengen, kerimping kuning iki didadekaken jajan lebaran.

6. Kembang goyang utawa matahari. Jajan iki digawe teka gelepung, ditambah rasa manis aju digoreng tipis milu cithakane kang rupane kaya kembang goyang.




Jajan kembang goyang

7. Opak gambir, jajan iki saikine diarani jajan rokok. Taping wong Banyuwangi nggawe jajan opak gambir kayadene nggawe opak sawi. Jajan kang tipis bunder iku dilepit dadi seperapat. Kerana sak jajan belaka wis ngentekaken panggonan, jajan iki wis angel ditemoni maning.

8. Sagon. Jajan kang dicampuri parutan kelapa iki mulai jarang ana ring pasar. Taping kadhung digoleti temenan ya magih ana. Mung hang nggarai jajan iki sing pati

disuguhaken, jajan kang diopen terus dikethoki iki tambah suwe kaples, lan atos cokotane. Panganan iki sing kaop dipangan wong kang duwe masalah untu. Paran maning disuguhena nyang wong wong tuwek. Nana wis, tambah perothol untune.



Sagon

9. **Kelemben**, jajan iki uga diarani jajan bolu kuwuk. Ya padha ambi jajan bolu liyane, carane nggawe padha ambi jajan bolu umume. Mung wujude kaya kuwuk kang ditumpuk.



Kelemben/ bolu kuwuk

10. **Sato**, bengen wong nggawe sato teka cengkaruk kang disangar. Nyangare sing sampek cemeng merga kadhung sampek cemeng dudu dienggo jajan sato tapi kanggo campuran bubukan kopi. Cengkaruke dudu asal-asalan tapi dipilih cengkaruk kang digawe teka sega adhem kang dipepe. Sing

ulih ana jamure. Campurane dijuwutaken gula jawa kang kelire kuning. Engko serta wis dicithak, rupa satone ndhemenaken. Kerana saiki uwong jarang mepe sega adhem, satone wis diganti teka kacang ijo, campurane sing nganggo gula jawa taping nganggo gula pasir



Sato

11. **Kacang goreng**. Ana kang ngarani kacang bawang. Kanggo ngilangaken kulit arine, kacang kang wis diwadahi iku disiram nganggo banyu gemulak, dianteni sampek adhem aju kulit arine diilangi. Serta wis rijig sing ana kulit arine, kacang langsung digoreng. Makene kerasa enak, serta wis dientas teka wajan lan ditiris, diuwur-uwuri bawang putih goreng lan uyah alus.

12. **Bagiak**. Jajan iki wis sing asing maning kanggo masarakat Banyuwangi. Emeh saben uwong Banyuwangi weruh ambi jajan bagiak iki. Masiya digawe teka gelepung larut, taping rasane sing kalah rasa ambi jajan kang digawe teka gelepung terigu. Jajan openan iki macem-macem rasane. Ana kang nganggo rasa keningar, rasa

jahe, rasa susu, lan liyane.

13. **Ting-ting kacang**. Kirakira ting ting kacang iki wis akeh kang weruh merga ana kang ngarani emping. Kacang kang dicampuri gula iki mula dhemenane lare-lare. Kacang kang enak lan gurih dicampur ambi gula kang digawe dadi gelali, ndadekaken jajan ting ting kacang dadi jajan kang garus serta wis diwadahi ning topeles.




Ting-ting kacang

14. **Gedhang sabun**. Ana kang ngarani gedang sabun iki gedhang sale. Asale teka gedhang (biyasahe gedhang berlin) kang disigar dadi loro, dipepe. Serta wis garing ditambahi adonan gelepung aju digoreng.



Jajan gedhang sabun/ sale

15. **Jenang-jenangan** utawa macem-macem jenang. Ana jenang selo, jenang dodol lan jenang tape.



KAWITANE PUTER KAYUN: ANA VERSI LIYANE BUYUT JAKSA!

Dina iki langit katon biru, sakat isuk dereme hing ana muntup. Mula iki hang dikepingini uwong-uwong. Sekolah perei, hang megawe perei, nutugaken kumpul ambi dulur-dulur kang pating sanja, muleh nyang umahae emak, adon, utawa anang.

Lalare cilik katon bungah, emak-emak pating olah-olah. Golongan apak ana kang ngusuti sepedah. Paman-paman liyan katon bedo kang dikusuti dhongkar lan ngedusi jaran. Dina iki tanggal 10 Syawal wayahe uwong Boyolangu ngeteraken lebarane muleh.

Sakat wingi taklam, uwong Boyolangu mula pudo bungah kadung wes teko tanggal 10 Syawal. Ya bungah, ya ana kang katon susah. Susah polae lebarane diteraken muleh, bungah polae arep kelenceran nang Watudodol numpak dhongkar.

Arane puter kayun, budaya kang wes puluhan taun dilakoni uwong-uwong Boyolangu kelenceran sak keluarga kumpul-kumpul ring Watudodol. Kelendi seh kawitane kok moro-moro gerudugan numpak dhongkar nyag Watudodol?

Ring wacanan buku-buku sekolah, ring internet, ugo jare uwong-uwong, sejarah Puter Kayun iku

ana hubungane ambi Buyut Jaksa kang urip tetaunan kepungkur jamane Londo. Cerita iki turun temurun digesahaken uwong-uwong ring warung kopi sampe gesah marine pengajian ambi udud sak lencer rong lencer. Kerana hing ana literatur tertulis kaya dene prasasti, bukti teka buku-buku kuna, uga bukti sejarah liyane, dadine sejarah Puter Kayun iki mung dirungokaken lan dituturaken.

Isun gesah ambi Pak Mufid, uwong kang duwe dhongkar sakat taun 1960-an sampe saiki. Sakat dhongkar magih dadi angkutan andalan, sampe wayae surup kerana kalah saing ambi angkutan umum.

Ana versi cerita beda sejarahe Puterkayun.

Dhongkar Boyolangu

Dhongkar Boyolangu wes ana sakat wingi takelam. Sing ana kang weruh pastine kawitane ana dhongkar sakat taun pira. Kadung jare kesaksiane, Pak Mufid ejeg sakat taun 1975. Ambi ngiling-ngiling, abete ambi nyekeli endas. Sing ana taun kang pasti polae sing ana kang dienggo patokan kaya dene poto paran maning video.

Kang pasti dhongkar ya wes ana sedurunge taun 1975, polae apake Pak Mufid yo tahu ejeg, duwe jaran lan dhongkar.

Bengiyen, regane jaran iku magih sekitar Rp125 ewu sampe Rp325 ewu. Iku wes oleh jaran kang super, nggantheng lan gagah, sing ana kang yaingi kala semono. Desa Sumberayu, Kecamatan Muncar dadi jujugane uwong-uwong kang pating golek jaran. Kadung dhongkare pesen teko Sidoarjo. Jare ceritane Pak Mufid.

Taun 70-an pas Pak Mufid ejeg, iku dadi taun jayne dhongkar Boyolangu. Dhongkar dadi alat transportasi andalan masyarakat Boyolangu lan sekitare kang arep menyang adoh kaya dene nyang pasar Banyuwangi, utawa nyang Pantai Boom. Kirane ana 35 dhongkar sak Boyolangu waktu iku.

Ana telung janggolan (terminale dhongkar) sak Banyuwangi. Kang pertama ana ring wetane Bioskop Suasana, kang nomer loro Janggolan ring Perliman, kang pungkasan Janggolan ring Gedung Wanita. Tujuane ya beda beda. Janggolan Suasana dinggo tujuan teka Boyolangu -Pasar Banyuwangi PP. Janggolan Perliman duwe jalur teko Cungking/banjarsari-perliman PP, lan Janggolan Gedung Wanita dinggo jaur Gedung Wanita-Pakis PP.

Kanggo uwong Boyolang Janggolan kang paling terkenal yara iku Janggolan Suasana. Iku rute paling rame, welasan dhongkar antri nganteni penumpang kang hing tahu sepi paran maning puwasaan lan ngarepaken lebaran.

Kalah Ambi Angkutan Kota/Lin.

Sakat taun 1982, dhongkar iki wes saingan ambi lin (angkot) kang duwe trayek lebih wero lan bisa lebih cepet lakune. taun sak mono Pak Mufid cerita jare demo geden yang kantor bupati lantaran rebutan trayek lan jalur antarane lin lan dhongkar.

Pungkasane kang bisa tahan mung Janggolan ring Suasana. Sampe taun 2002-2003, dhongkar Boyolangu magih ana ngeteraken penumpang teko Boyolangu nyang pasar Banyuwangi.

Sekitar taun 2006, dhongkar Boyolangu nemoni susute lakon, kerana liyane kalah ambi lin, ya kalah ambi sepeda montor kang tiap uuwong wes pada duwe.

Pak Mufid magih jejeg ngerawati jaran lan dhongkar. Teko ejeg, Pak Mufid bisa nguripi lan nyeolahaken anak-anake sampe tingkat nduwur.

Jaman hing bisa dilawan, kudu dipiloni kelendi melakune. Uteke Pak Mufid lan uwong dhongkaran liyane mula penter, saiki dhongkar tetep melaku, tapi dirobah dadi dhongkar wisata kang biasa ana ring sekelilinge Taman Balmbangan saikine.

Puter Kayun lan Watudodol

Gesah ambi Pak Mufid magih sun terusaken masiya langit ring njaba saya peteng dedet. Dikancani ambi Bu Mahmudah, rabine Pak Mufid kang nggawekaken isun wedang kopi jahe. Seru enake, diuyup ambi ngerungokaken Pak Mufid cerita sejarahe Puter Kayun versi uwong dhongkaran.

"Hing ana hubungane ambi Buyut Jaksa?" Pitakonisun.

"Hing ana, Lek." Saute Pak Mufid.

Versi kang semebyar ring masyarakat lan literatur ring buku-buku sekolah, dijentrengaken Puter Kayun dianakaen merger ngiling-ngiling Buyut Jaksa (uwong kang paling kawitan urip ring Boyolangu, mbabat alase) kang nggawe dalam teko Watudodol sepengedul.

Golongan Londo jaman bengiyen hing bisa muger watu kang ana ring daerah pingir pesisir kang saiki arane Watudodol kang nak didadekaken dalam gede. polae ana penunggune alias jim, Londo hing bisa nerusaken. Rungurungu ana uwong sakti mandaraguna kang bisa ngelih jim kang manggon ring kono. Buyut Jaksa akhire bisa ngelih watu lan jim kang njaga watu gedi iku. Lakune arak-arakan nanggo dhongkar teko Boyolangu nyang Watudodol iku kaya dene napaktilas perjuangane Mbah Buyut Jaksa muger Watudodol.

Gesah nyang Pak Mufid hun terusaken.

"Kadung versine uwong dhongkaran kelendi, Pak?" pitakonisun maning.

Ambi ngombe kopi kang wes meh adem pak Mufid cerita. Uwong dhongkaran seru pathenge ejeg, nggolek picis kanggo anak lan rabine. Sakat isuk sampe soren, tekan soren sampe dalu tengah wengi. Sing ana waktu kumpul ambi keluarga. Paren maning pas puasaan lan ngarepaken lebaran. Kang aran penumpang sakat isuk sampe bengi hing ana mandege. Ngulon ngetan sing ana

putuse.

Ramen-ramene pas lebaran kaping pitu budayane ana selametan kupat (lebaran kupat) ngeteraken lebarane mulih. Sak marine selametan, uwong uwong podo ngelencer nyang pantai Boom. Seru ramene kabeh uwong podo tumplek blek. Lalare cilik sampa kang tuwek teka nyang pantai Boom memengan ambi ndeleng ulan andung-andung. Iku kesempatan kanggo uwong uwong dhongkaran nggolek picis sak akeh-akehe.

Jare Pak Mufid, saking ramene penumpang waktu iku, sak uwong duwe rong jaran. Siji jaran dienggo ejeg isuk sampe soren, sijine maning dienggo ejeg bengi.

Aja takon keluargane kelendi, ya sing bisa ngelencer kaya dene liayane, kerana ejeg iku mau. Pengalamane Pak Mufid pas ejeg kala semono, dilakoni sakat lebaran pertama sampe lebaran kaping pitu. Nyaling melaku-melaku kelenceran nyang pantai boom, unjung-unjung bain uman pucuke.

Uwong uwong dhongkaran jaman bengiyen (jaman sedurunge Pak Mufid ejeg) pating kumpul nggerundel, padha sambate. Liyane pada kelenceran, golongan keluarga dhongkaran hing bisa merga megawe ngeteraken penumpang kelenceran.

Pungkasane, diputusi bareng-bareng uwong hongkaran milih dina dienggo prei ejeg, ngajak ngelencer anak rabin lan keluarga liyane. Dipilih dina kaping sepuluh syawal kerana wes ngeliwati dina rame-ramene penumpang pas tanggal 7 syawal.

Tujuane nyang nyang Watudodol, kerana pantai boom wes meh saban dina diliwati masiya mung ngeteraken penumpang.

Ring tanggal 10 Syawal uwong uwong dhongkaran sak Boyolangu pating nyepakaken jaran lan dhongkar. Anake, rabine, adon lan anang pada siap numpak dhongkar kelenceran nyang

Watudodol, ring Desa Kalipuro kang adohe 38 kilometer. Kerana adohe dalan kang dilakoni jaran lan dhongkar, persipane kudu pas. Sangu suket lan dedek kanggo jarane.

"Kelawan megawe hing ana putuse, hing bisa kelenceran sak keluarga, uwong-uwong dhongkaran sepakat bareng-bareng tiyap tanggal 10 Syawal sak marine jebege lebaran kupat, dienggo dina preian polae wes megawe setaun sing ana putuse." Abane Pak Mufid njelentrengaken kawitane kok ana Puter Kayun.

"Terus gadug kono (Watudodol) anu paran?"

Kadung versi sejarah Puter Kayun Buyut Jaksa, ana ritual larung saji ring laut. Versi puterkayune uwong dhongkaran ya mung adus-adusan ring laut sampe kecindilen.

"Mari gedigu kadung kerasa elom aju padha madhang iwak mie, endok ceplok, lan tahu goreng sambel kecap. Seru indule." Jare Bu Mahmudah nyeritakaken olah-olahan wajib kang digawa tiap taun nyang Watudodol.


Ring Boyolangu, rong versi iki melaku bareng, magih pada-pada dipercaya. Versi Buyut Jaksa dienggo ring Kalendar Wisata Banyuwangi, versi puterkayune uwong dhongkaran dienggo iling-ililing ring njero ati, seru guyube lan bungah sekeluarga bisa kumpul lan kelenceran numpak dhongkar. Merga saiki dhongkar Boyolangu meh hing rungu abane kelinenge maning.



KONCO HOO TONG BIO:

Teka Geger Pacina Sampek Temebluke Balambangan

Dianggit ring M. Hidayat Aji Ramawidi



Gambar 22.4; Konco Ho Tong Bio (1890).
(Sumber: National Library Singapore)

Ana panggonan sembayang wong-wong China ring Kutha Banyuwangi hang aran Konco Hoo Tong Bio. Konco iki nyimpen sejarah hang dhawa teka Geger Pacina ring Batavia (Jakarta saiki) taun 1740, sampek temebluke Kerajaan Balambangan taun 1767/1768.

Ring ulan Pebruari 1740, ana kedadeyan hang diarani Geger Pacina ring Batavia. Kala semono VOC-Landa numpes kelor 10.000 uwong keturunan China hang pungkasane ndadekaken akeh wong-wong China hang minggat teka Batavia.

Kawitane Sunan Pakubuwana II ndukung wong-wong iki, naming mari digu mbalik ndukung VOC-Landa.

Sunan Kuning Vs Pakubuwana II

Perkara iki nggawe pengikute Pakubuwana II padha getun uga mbalela lan bareng-bareng mbela nyang wong-wong China. Mari digu ndadekaken Raden Mas Garendi/Sunan Kuning dadi pimpinane, ambi ngongkon agage ngelakoni mbalela nyang Sunan Pakubuwana II.

Tanggal 30 Juni 1742, Sunan Pakubuwana II ambi Baron von Hohendorff melayu sengidan nyang Pondok Pesantren Gebang Tinatar ring Tegalsari (Ponorogo) njaluk tulung nyang Kyai Ageng Kasan Besari.

Mari digu, tanggal 1 Juli 1742, Sunan Kuning dadi raja ring Kartasura kelawan gelar Sunan Mangkurat V.

Tandangane Keturunan Surapati


Semana uga para pejuwang China ambi pejuwang Jawa ring Jawa Wetan. Wong-wong iki milu ambi Pasukan Surapati hang magih ana uga ring wektu iku wis dipimpin ambi anake lanang yaiku Bupati Malang hang aran Mas Brahim/Raden Suradilaga (1708-1742).

Juni 1743, Kapiten Sepanjang (pimpinane pasukan China) ngusulaken supaya pasukan Sunan Kuning hang wis kepepet uga milu iyane nyang Pasuruan kanggo njuwut wong-wong Tionghoa Jawa Wetan milu melebu ring laskare. Tepak iku, Raden Mas Said/Samber Nyawa hang kawitane ndukung pasukan China milih berjuang

KONCO HOO TONG BIO:

Teka Geger Pacina Sampek Temebluke Balambangan

Dianggit ring M. Hidayat Aji Ramawidi



Gambar 22.4; Konco Ho Tong Bio (1890).
(Sumber: National Library Singapore)

Ana panggonan sembayang wong-wong China ring Kutha Banyuwangi hang aran Konco Hoo Tong Bio. Konco iki nyimpen sejarah hang dhawa teka Geger Pacina ring Batavia (Jakarta saiki) taun 1740, sampek temebluke Kerajaan Balambangan taun 1767/1768.

Ring ulan Pebruari 1740, ana kedadeyan hang diarani Geger Pacina ring Batavia. Kala semono VOC-Landa numpes kelor 10.000 uwong keturunan China hang pungkasane ndadekaken akeh wong-wong China hang minggat teka Batavia.

Kawitane Sunan Pakubuwana II ndukung wong-wong iki, naming mari digu mbalik ndukung VOC-Landa.

Sunan Kuning Vs Pakubuwana II

Perkara iki nggawe pengikute Pakubuwana II padha getun uga mbalela lan bareng-bareng mbela nyang wong-wong China. Mari digu ndadekaken Raden Mas Garendi/Sunan Kuning dadi pimpinane, ambi ngongkon agage ngelakoni mbalela nyang Sunan Pakubuwana II.

Tanggal 30 Juni 1742, Sunan Pakubuwana II ambi Baron von Hohendorff melayu sengidan nyang Pondok Pesantren Gebang Tinatar ring Tegalsari (Ponorogo) njaluk tulung nyang Kyai Ageng Kasan Besari.

Mari digu, tanggal 1 Juli 1742, Sunan Kuning dadi raja ring Kartasura kelawan gelar Sunan Mangkurat V.

Tandangane Keturunan Surapati

Semana uga para pejuwang China ambi pejuwang Jawa ring Jawa Wetan. Wong-wong iki milu ambi Pasukan Surapati hang magih ana uga ring wektu iku wis dipimpin ambi anake lanang yaiku Bupati Malang hang aran Mas Brahim/Raden Suradilaga (1708-1742).

Juni 1743, Kapiten Sepanjang (pimpinane pasukan China) ngusulaken supaya pasukan Sunan Kuning hang wis kepepet uga milu iyane nyang Pasuruan kanggo njuwut wong-wong Tionghoa Jawa Wetan milu melebu ring laskare. Tepak iku, Raden Mas Said/Samber Nyawa hang kawitane ndukung pasukan China milih berjuang



dhewek ring daerah Sukowati, sing gelem milu nyang Jawa bagiyan wetan.

Tepak tanggal 2 Desember 1743, Sunan Kuning nyerah ambi Residen de Klerk ring Surabaya, mari digu iyane hang tau dadi ratu Kartasura mung 6 ulan muka dibuwang nyang Srilanka.

Perjanjian Ponorogo 1743

Sak mareke bisa dadi ratu Kartasura maning merga ditulungi VOC-Landa, Sunan Pakubuwana II nguwukaken dhaerahe nyang VOC-Landa hang ana ring pesisir lor Jawa, Pulo Madura, lan dhaerah-dhaerah ring Jawa bagiyan wetan, ditambah dhaerah hang ring wetane garis bujur Pasuruan ambi Malang.

Anehe ring perjanjian iku, Balambangan melebu salah siji dhaerah hang dikatutaken nganggo cara karepe dhewek. Aleya waktu iku, Balambangan iku negara hang merdhika. Belambangan diserahaken nang Landa taping sing kathik dirembugaken sulung ambi pemerintah uga

rakyat Balambangan.

Sakat iku, VOC-Landa ngerasa nduweni Balambangan hang dhasare teka perjanjian Ponorogo muka. Pungkasane, tepak ring taun 1766 EIC-Inggris ngedegaken kantor cabang ring Balambangan hang nggawe pihak VOC-Landa hing terima.

Kapiten Sepanjang Menyang Nong Balambangan

Mbalik ring Kapiten Sepanjang, pimpinan pasukan China iku nerusaken perjuangane ring wetan kelawan ngajuraken pos-pos VOC-Landa antarane Pasuruan lan Pajarakan. Dhonge wis melebu wilayah Balambangan, iyane hing nemokaken anane pos VOC-Landa hang arep diajuraken.

"Pungkasane 1743, Kapiten Sepanjang uga prajurite hang magih ana langsung menyang nong Balambangan pucuk wetan Pulau Jawa ambi nyerang pos-pos VOC-

Landa."

Dadi, antara 1744-1750an Kapiten Sepanjang iyane ana nong Balambangan, hing anane cathetan hang nyeritakaken Kapiten Sepanjang ring Balambangan nggarahi ana merujuke aja-aja iyane wis ganti aran uga dadi rakyat Balambangan. Utawa melebu ring keprajuritan Balambangan.

Umpama bener, ring dhaerah-dhaerah hang tau diparani iyane umpamane Semarang, Sidoarjo, uga Malang ninggal aran dhaerah "Sepanjang". Ring Banyuwangi pisan ana aran desa Sepanjang ring kecamatan Glenmore.

Salah siji Pahlawan China hang bareng-bareng milu ngungsi ring Balambangan yaiku uwong hang aran Tan Hu Cin Jin. Hang mbisuke dadi hang ngawiti Konco Hoo Tong Bio ring Banyuwangi.

Tan Hu Cin Jin Ian Konco Hoo Tong Bio

Ana cerita rakyat ring Banyubiru Jembrana gok Pangeran Agung Wilis ambi Prabu Danuningrat tau manggon ring Banyubiru uga mbangun kampung Muslim hang ana sampek seperene.



Desa Banyubiru saiki melebu kecamatan Negara kabupaten Jembrana.

Tepak mbangun perkampungan iku, salah siji uwong China hang pinter tandang gawe hang aran Tan Hu Cin Jin pungkasane dadi kancane Pangeran Agung Wilis uga milu nyang lakune.

Kadhung didheleng teka temenan sirap kayu hang angka taune 1784 hang dipercaya tandha ngadeg jejege Konco Hoo Tong Bio ring Banyuwangi, penulis nyangka kadhung tokoh Tan Hu Cin Jin (nurut cerita rakyat China Banyuwangi yaiku hang nggawe konco kawitan ring Banyuwangi).

Nawi kawitane ngedegaken konco ring Kutha Lateng (1764) era I Gusti Ngurah Ketut Dewa Kabakaba. Sak mareke ibukota dielih nong Kutha Banyuwangi (jaman Mas Alit taun 1774), dadine iyane milu ngalih pisan (1784) ring kutha anyar iku. Kapan-kapan kudu ana jugeran (kajian) hang lebih jeru maning.

Pirangane Adat ring Desa Pondoknongko

Paran maning hang bisa ngeraketaken silaturrahmi kadhung sing adat. Mula seru jerune kadhung ngomongaken adat, ditinggal ninggal ala, mestine kudu dilaksanakaken makene tetep lestari. Jare Jalaludin Tumsan (Gramedia.com), Adat asale teka basa Arab hang nduweni makna kebiyasaan. Adat istiadat yaiku gagasan hang nduweni nilai budaya, kebiyasaan, norma lan hukum ring saban desa. Desa Pondoknongko nduweni pirang-pirang adat hang saban taune mesti dianakaken kayata Barikan, Sapar-saparan, Ider Bumi lan Ngeruwah. Saben-saben adat iku mauka nduweni dina lan maknane dhewek-dhewek.

Barikan mesti dianakaken saben taun sepisan, gampange ngeneti yaiku saben bungas taun itungan kalender Masehi tepak tanggal telung puluh siji Desember. Kabeh uwong padha siyap-siyap merga Barikan adat aseli teka dhusun Palukuning (salah siji dusun ring Pondoknongko). Barikan dudu singkatan teka Mangan Bareng Ikan (Iwak) hang mesti dadi incerane uwong-uwong wayah ngadhepi taun anyar. Naming maknane Barikan yaiku barokah berkatan, kiyasan teka basa Arab. Njaluk barokah ulihe wis dianakaken adat Barikan, muga diadohaken teka pageblug lan diuweni selamet kelawan diisi istigosah utawa selametan kampung. Selametan kampung nganggo ancak teka gedhebog digawe kotak.

Asal-usule Barikan wis ana sakat kira-kira 1900an nepaki mbah buyut jaman bengen ana. Mbah Iluk, uwong hang diimpeni bakal arep ana pageblug gedhi mara, kadhung kepingin selamet perintahe kudu nggawe selametan ana ring lurung, ana jenang pitu lan jajan pasaran werna pitu. Kisuke iyane selabar gok mari ulih impen, ahire padha wedi temenan bakal kedaden merga mbah Iluk iki uwong hang diajeni teka ilmu agamane. Ahire padha sepakat, dikumpulaken anake lan selametan ana ring tengah lurung.

Sapar-saparan, adat hang nduweni ciri has pesisir merga adat sapar-saparan iki *identik* ambi masarakat nelayan. Desa Pondoknongko watesan langsung ambi selat Bali, saingga masarakate ana hang dadi nelayan. Sapar-saparan mesti dipengeti ana ring ulan sapar (Kalender Jawa). Tradhisi utawa adat sapar-saparan kuwat kaitane ambi dina rebo pungkasan, uga ana hang negesi tradhisi petik laut. Adat sing luput teka kepercayaane masarakat, masarakat mercayani kadhung Gusti Alloh neblukaken bala hang akeh 320 ewu ana ring dina iku (rebu pungkasan ulan Sapar), saingga perlu dianakaken selametan/ndonga bareng njaluk diselametakan teka maceme balak hang arupa penyakit lan bebaya. Sakliyane njaluk diadohaken teka balak, anane kegiyatan sapar-saparan dienggo ungkapna rasa sukur nyang Gusti Alloh merga wis diuweni asil (iwak) hang akeh.



Kegiatan Sapar-saparan uga *identik* ambi jenang sapar. Jenang sapar iki digawe teka tepung beras lan kanji, ana rong werna putih lan abang (teka gula abang). Diedhumaken nganggo ethuk (teka godhong). Sakliyane iku, biyasahe sapar-saparan iku hang dienteni masarakat yaiku ngelikaken endhase sapi nyang segara, naming kebinyaane masarakat Pondoknongko mengeti sapar-saparan ana bidhane, kawitan sembayang tolak bala, aju larung terumbu karang, selametan bareng lan ngedhumaken jenang sapar.

Idher bumi yaiku tradhisi jaman bengen hang magih ana. Idher maknane muter, melaku, kadhung bumi maknane lemah. Ring desa Pondoknongko mesti dipengeti ana ring ulan sura, ring Kemiren dipengeti ring ulan Sawal. Istilah Sura dijuwut teka basa Arab yaiku 'Assyura. Bidhane Ider Bumi jaman bengen ambi saiki mung ana ring damar hang dienggo. Jaman bengen magih nganggo oncor hang digawe teka jajang, diisi lenga gas, aju suwute teka gumbal hang sing kanggo. Sakbalike kadhung jaman saiki jaman canggih, arep nggawe oncor wis sing kedhuman wektune uwong uwong padha milih ngganggo senter utawa sentolop.

Ulan sura utawa ulan Muharram ring kalender Islam kelebu ulan hang paling muliya. Biyasahe Ider Bumi diangkati mari maghrib sakwise sembayang jamaah, aju melaku ring panggonan hang paling pucuk, melaku nengen sampe panggonan paling pucuk maning, sakteruse sampe petang titik pucuk. Saban panggonan mandheg uwong-uwong padha adan bareng-bareng, mari iku ndonga, aju melaku maning, sakteruse. Melaku ring panggonan pucuk maning, uwong-uwong padha akeh hang wiridan maca ayat kursi lan sakliyane. Pungkase ana ring pucuk kang nomer papat, masarakat



langsung selametan ana ring pinggir lurung, lanang, wadon, lalare padha kumpul. Ider Bumi iki dipercaya masyarakat kanggo mbantengi desane teka pirang-pirangane balak mane sing gampang melebu.

Ngeruwah, dianakaken saban ulan Sa'ban (kalender Islam) utawa ulan Ruwah (kalender Jawa), hang mesthine sak ulan sakdurunge puwas. Ruwah akeh hang madakaken maknane ambi Arwah. Masarakat Using ring ulan iki (Ruwah) diebukaken ambi selametan ngirim donga (tahlil), jiarah nang makam, rijig-rijig lan sakliyane. Masarakat mercayani kadhung ring ulan iki akeh arwah hang ngenteni sambangan teka hang magih urip kelawan ngirim donga. <http://ngopibareng.id>

Ngeruwah iki akeh maceme, ring Pengantigan Banyuwangi ngeruwahe didadekaken dadi siji manggon ana ring makam umum, bidha ambi ring Pondoknongko ngeruwah biyasane dianakaken saban keluarga. Paran maning masyarakat mercayani, para arwah iku padha ngelak lan elom, ulije ngombe lan mangan teka kiriman donga anak putune.

Iku pirang-pirangane adat istiadate masarakat Pondoknongko, hang aran adat mula kudu terus diuri-uri makene anak putu bisa nyaruki uga sakteruse. Bisa bain adat hang ana ring Pondoknongko padha ambi nyang liyane, utawa sakbalike. Tujuane ya sakliyane njaluk diselametaken teka bala, uga ngilingaken awak dhewek nong Gusti Alloh.

(Andi Sep Kurniawan)



Panggonan iku nduwensi aran: Pelangi Sastra Malang

Ater-ater Redaksi: Masiya hing ana hubungane ambi basa Using, komunitas Pelangi Sastra Malang iki paling using bisa dadi panggonan komunitas sastra ring Banyuwangi sinau anggone nggawe komunitas sastra.



Anane Pelangi Sastra Malang kawitane teka ajege kecaruk ambi kanca-kanca komunitas-komunitas hang dipiloni sedurunge. Kecaruk ring panggon kumpulan misale nong umahe sastrawati Ratna Indraswari Ibrahim, panggon ngopi lan panggon-panggon kesenian liyane.

Ragil Sukriwul hang ngelola komunitas Mozaik lan ngajak Denny Mizhar nggawe agendha maca gurit-gurit lan kepenyairan Wahyu Prasetya, penyair hang fenomenal naming kabeh padha kelangan lan sing weruh iyane ana ring endi wektu iku ring tahun 2010. Lalare nulisaken maning pirangane gurit anggitane Wahyu Prasetya hang

digoleti teka buku-buku, majalah lan kliping koran. Ditulungi ambi pirangane kanca, aju kabeh sepakat ngewani aran Membaca Wahyu Prasetya Pelangi Sastra Malang (*on stage*), merga sedurunge komunitas Mozaik nerbitaken buku pledooi: Pelangi Sastra Malang dalam Cerpen.

Aju dikawiti teka kecaruk lan nganakaken iwuh, ngelairaken panggonan dhewek hang diwani aran Pelangi Sastra Malang.

Kabeh selabar nyang endi-endi saben arep kecaruk ngopi utawa diskusi, ana pirangane kanca anyar hang padha teka, kanca lawas kecaruk maning. Teka ring pertemuan iku aju njumbul gagasan

nggawe agendha diskusi utawane panggung sastera. Dipilih topik-topik hang ana hubungane ambi kesusasteraan, misale Poskolonial, Sastra lan Lingkungan, Sastra Pergerakan, lan liya-liyane. Sakliyane agendha diskusi kene ya nggawe panggung sastera hang diwani judhul Perang Kata dalam Puisi, Perang Kata dalam Cerpen. Kenee uga ngundhang kanca-kanca teka bidhang musik kanggo ngancani lan ngiringi maca gurit utawa tampil nduduhaken karya-karya musike.

Gedigu iku anane Pelangi Sastra, minangka dadi panggon ketemune antara sastera lan seni liyane. Panggon kumpulan iki ulih penghargaan teka para sasterawan hang wis sulungan megiyet lan nggawe karya kanggone kebudhayaan. Panggon kecaruk dienggo kumpul-kumpul ya pindhah-pindhah, teka warung kopi sijine nyang warung kopi liyane, teka kampus hang siji nyang kampus liyane ring Malang Raya. Ketemuan ya sing mung antarane penulis lan wong-wong hang padha dhemene nyang sastera, naming kene uga ngenam hubungan ambi komunitas-komunitas sastera hang wis ana sulungan utawane hang buru bain diedegaken.

Wawasan dadi saya wera, saya akeh lan kene nduweni aran ring kegiyatan iki, yaiku kene ngelakokaken Distribusi Wacana hang artine: Pengetahuan sing ulih mandheg nyang salah siji uwong utawa salah siji panggonan. Pengetahuan iku kudu diselabaraken saingga kabeh uwong bisa belajar.

Sakliyane iku kene uga ngupayakaken nggawe jaringan nyang kutha liya malah internasional kanggo merujukaken lan ngembangaken pengetahuan hang diduweni bab kesusasteraan hususe lan kebudhayaan umume. Kene uga ngupayakaken supaya bisa milu cawe-cawe ring persoalan-persoalan hang diadhepi masarakat liwat dalan sastera.


Wis emeh 13 tahun kita ana ring Malang lan anane komunitas iku kudune ngewani dhampak ring dinamika kebudhayaan ring endi komunitas iku

manggon, lan kene terus ngupaya.


Aju kelendi kene nguripi komunitas? Ring tahun 2015 kene mbukak tukuk buku hang diwani aran Griya Buku Pelangi lan penerbitan hang diarani Penerbit Pelangi Sastra. Teka kono kene nguripi kegiyatan komunitas.

Lan arane komunitas, mesti ngalami munggah mudhun ring njerone. Melebu metune anggota, regenerasi hang buntu utawa sumber dana kanggo nggawe program-program hang sing bisa nyukupi, kene uga ngadhepi sandhungan hang kaya gedigu.

Okta Vidiyanti/HZ



MANEKA WARTA LITERASI



Buku Isun Gandrung lan Omprok lan Sampur

Ulan Nopember ika, dipeleciraken rong buku basa Using hang judhule Isun Gandrung karyane Eko Budi Setianto lan Omprok lan Sampur tulisane Antariksawan Jusuf ring Pelinggihan Prabu Tawangalun Disbudpar Banyuwangi.


Karo-karone buku iki njuwut gandrung minangka puser ceritane. Kaya judhule Isun Gandrung iku wadhah ngersulane 33 gandrung Banyuwangi, pait manis uripe gandrung hang kudune ulih wigati hang lebih gedhi teka masarakat.

Teka hang wis dadi ruwahe kayata Gandrung wadon kawitan Semi, Gandrung Aripah, Gandrung Kusniyah, Gandrung Poniti, sampekk

Buku Basa Using Anyar

Nong Endi Emakisun anggitane *Andi Sep Kurniawan* dialihbasa ring *Rayhan Rizki Fadhillah* ambi **Usum Layangan** anggitane *Drs. Urip Limartono Aris* dialihbasa ring *Nur Holipah* wis diluncuraken Balai Bahasa Provinsi Jawa Timur tanggal 28 Nopember 2022 mbarengi Dina Dongeng Nasional. Sakdurunge, para penulis wis ulih *Bimbingan Teknis* ulan Maret 2022, hang dipiloni 25 penulis teka 38 kabupaten/kutha sak Jawa Timur.



Buku-buku iki dikanggokaken lalare TK sampekk kelas 3 SD kelawan gambar lan ebek ilustrasi. Rong buku iki ngancani 14 buku liyane hang arep didumaken nyang komunitas sastra, komunitas bahasa lan komunitas literasi ring Sidoarjo. Mengarepe, buku-buku iki ya arep didigitalisasi makene gampang kanggone sapa bain hang mbutuhaken, uga makene saya akeh hang maca.



Gandrung Supinah. Ana hang wis nggantung omproke kaya Gandrung Arsi, Gandrung Kariyatik, Gandrung Misrati, Gandrung Lilik lan magih akeh liyane. Hang magih munggah genjot ya sing kurang kayata Gandrung Dartik, Gandrung Khalifah, Gandrung Lusi hang magih kuliyah.

Omprok lan Sampur hang isine ilustrasi cemeng putih (dkarepaken makene dikeliri dhewek ambi lalare sekolah), ngemu pituduh nang wong-wong hang nyelametaken gandrung yaiku bupati dhongkol Joko Supaat Slamet. Iyane ngelarang gandrung ngamen sedawane dalan supaya hing dadi camahan. Aju kanggo marekaken tari tradhisional iku nang lare-lare, iyane ngongkon ruwahe Pak Mitro nyiptaaken tari gandrung hang bisa digawa lalare sekolah. Dene Gandrung Sewu, ana cawe-cawene bupati dhongkol Azwar Anas.

Buku iki mula lebih cocog kanggone lalare SD hang buru sinau maca lan tangane magih kayalen arep ngeliri gambar cemeng putih hang digarap ambi guru senirupa Wega Averina.



Lomba Nulis Cerita Cendhek SKB

Paguyuban Sengker Kuwung Belambangan nejak para penulis Banyuwangi kanggo milu Lomba Nganggit Cerita Cendhek Basa Using. Iwuh saben taun iki wis dianakaken kaping sewelas. Tema ceritane hing ana wates pokoke hing ulih nyemplok Suku, Agama, Ras, Antar Golongan.

Kategorine ana SMP, SMA lan Umum. Saben kategori bisa dibiji kadhung paling sithik ana lima tulisan. Hang dibiji ambi jurine – Moh. Syaiful, Satria Pujangga lan Nur Holipah – yaiku plot ceritane, hikmah ceritane lan unsur basane. Asil cerita hang dikelumpukan nyang email; basausing@gmail.com kudu ditulis nganggo aksara Times New Roman gedhine 12 poin, teka 2-7 halaman. Pungkasan kudu diterima panitiya tanggal 31 Maret 2023.

Saben taun, asile Lomba hang hadhiyah totale jutaan rupiah iki didadekaken buku kumpulan

hang judhule Kembang Ronce. Pengumuman pemenange tanggal 20 Mei 2023 Bareng ambi terbite Kembang Ronce 2022.



Lomba Nulis Cerita Rakyat Untag

Untag 45 Banyuwangi ulan Januari kepungkur nganakaken lomba nulis cerita rakyat hang dipercaya sampek turun-temurun. Sedurunge mangkat ngarang, calon peserta diwajibaken milu workshop ngenengi masalah kelendi carane nyusun lan nulis cerita rakyat iku.

Peserta hang milu workshop akehe ana 80an lebih teka pelajar SMA/SMK/MA lan Mahasiswa/Mahasiswi. Narasumber ana telu: Mbah Aekanu, Anang Fauzi lan Fredy Mari acara workshop peserta kudu milu temu teknik sekala iku ring panggonan hang padha.

Peserta workshop tambah semangat lan imajinasine kepancing ambi para narasumber mau. Sebab cerita-cerita hang keneng didadekaken cerita rakyat utawa legenda urban iku wakeh. Sing mung Sritanjung-Sidapaksa.



Festival Literasi Using dadi Agenda Rutin B-Fest

Festival Literasi Bahasa Using dianakaken ring Gedung Juang 45 ulan Desember taun kepungkur. Kegiyatan hang dibukak ambi Bupati Ipuk Fiestiandani iku dilengkapi kelawan pameran buku, lomba Ndongeng Basa Using lan Mangan Sandhiwara Basa Using.

Katon ana asile ring Dinas Pendidikan Kabupaten Banyuwangi lan DKB (Dewan Kesenian Blambangan) hang dadi panitiya taun iki. Taun 2023 kegiyatane ditambah maning kanggo lare jenjang SMP yaiku lomba Basanan Saut-sautan. Mesthine iki bakal rame maning paran maning ring lomba Basanan Saut-sautan iku pesertane dikongkon nampilaken ana ring panggung sakmarine ditulis ring kawitan lombane

Taun kepungkur minangka kawitan nganakaken lomba Literasi Basa Using iki, mula iku akeh hang durung kecandhak lan taun ngarep mesthine dadi bahan epaluwasih makene pelaksanane saya apik ngungkuli taun kawitan.

Erpandi, Kasi SD Dinas Pendidikan Kab. Banyuwangi mula wis njaluk maklum anane panggonan iki, merga ana *properti* hang sing bisa digawa melebu nyang ruang teater Gedung Juang pungkase lomba Mangan Sandhiwara dianakaken ana ring emperan Gedung Juang.

Ring taun 2023 mesthine panggonane arep dirancang maning hang apik makene peserta lan penonton bisa gayeng anggone milu nong lomba-lomba ring kegiyatana Festival Literasi Bahasa Using iki, gediku kaya hang diterangaken Erpandi Kasi SD Dinas Pendidikan hang asale wong Gladag wong Using iki.

Kenthush hang uga hang dadi salah sijine juri teka seniman teater tradisi iki nyatakaken kaju nyang peserta lare cilik-cilik hang wis bisa main drama paran maning dramane iki nganggo Basa Using. Iki sing gampang, gediku Kenthush nyatakaken ana ring panggung sakdurunge ngumumaken

pemenang.

Sakteruse Kentus ngarepaken ring taun-taun mengarep lomba iki terus dianakaken kanggo ngugemi lan nandur dhemen basa Using nyang lare-lare Banyuwangi. Mung bain Kenthus nguweni cathetan ring bab musik utawa tetabuhan pengiring drama iku. Musik iringan hang dikarepaken ring kene iki dudu music wutuh utawa musik konser utawa musik gendhingan, naming tetabuhan utawa unen-unen hang dienggo ngetutaken anane cerita.

Moh. Syaiful nguweni penjelasan sakdurunge ngumumaken pemenang antarane bain nguweni apresiasi hang sak dhuwur-dhuwure nyang Pemda Banyuwangi liwat Dinas Pendidikan Banyuwangi hang wis gawe kegiyatan "Festival Literasi Using" iki. Modhel Mengan Sandhiwara iki seru kenthel literasine merga jangkep kabeh ana, kayadene visual, verbal, motoric lan liyan-liyane ana kabeh. Pokoke kolaborasine kuwat ring akeh bidang kaya dene hang dikarepaken ring Kurikulum Merdeka yaiku anane pembelajaran model diferensiasi.

Sakteruse Koordinator juri iki njelasaken dung magih akeh penulisan hang ana ring naskah sandhiwara penulisan basane durung kaya hang ana ring Ejaan Basa Using hang bener lan sing pada ambi Kamus Using-Indonesia gawenane Hasan

Ali. Kudune guru hang dadi penulis naskah ya kudu ngerteni bab penulisan basa Using merga guru-guru SD iki wis koncar-kancir milu pelatihan nulis hang dianakaken guru-guru Basa Using Kabupaten Banyuwangi.

Mula iki kegiyatan kaya gediki iki bisa diterusaken ana ring taun ngarep kelawan persiapan hang mateng lan mugen. Kabid TK – SD Dinas Pendidikan Kab. Banyuwangai kepingin ngawiti kegiyatan iki ring taun ngarep nganggo Bimtek nyang guru-gurune makne kabeh ulih pemahaman sulung nyang babakan Sandhiwara Using, Ndongeng Using, lan Basanan Using

Kecamatan Kabat lakon "Melaku Ngaji" ulih juwara 1, sutradara Terbaik, lan Aktris Terbaik, Keamatan Giri lakon "Mat Barong ulih juwara 2 lan Aktor Terbaik, Kecamatan Rogojampi lakon "Mengan Nyang Sawah juwara 3 lan Penata Artistik Terbaik. Kecamatan Muncar Harapan 1 lan Kecamatan Banyuwangi Harapan 2. Kecamatan Blimbingsari lakon "Kebacut Game" ulih Naskah Terbaik.

Sawetara iku, lomba Ndongeng Basa Using digelar ring latar-terase Gedung Juang. Juwarane yaiku 1. Kecamatan Cluring, 2. Kecamatan Kabat, 3. Kecamatan Glagah 4. Kecamatan Blimbingsari, 5. Kecamatan Rogojampi

(Moh. Syaipul)



Mung Merga Jugedan, Bisa Sampek Negara Manca



Lalare Duta Budaya Indonesia teka Sanggar Sayu Wiwit, kala nung London

Sapa ngira, mung merger pinter jugedan bisa sampek sanja nyang negara manca. Yaiku hang dialami ambi lalare hang ulan Oktober 2022 kepungkur njugedaken Gandrung nong acara

'Experience Indonesia' ring London, Inggris. Ana 5 (lima) penari hang dikirim nyang acara iku

yaiku: Erika Nurazizah, Intana Jelita DS, Sabbrina Putri Atmaja, Mutiara Ramadhania lan Nadin Vandora Wati. Lare lima hang padha sekolah ning SMA Negeri Taruna Budaya,

Rogojampi iku ketepakan ya padha-padha dadi muride sanggar Tari Sayu Wiwit, Desa Aliyan, Kecamatan Rogojampi.

Sabbrina Putri Atmaja, salah siji lare hang milu dadi Duta Budaya Indonesia ning London,

nyeritakaken kelendi rasane bisa njuged mameraken kaendahane jugedan Gandrung nong negarane Pangeran Charles. "Sing nyangka lan sing ngira bisa njuged sampek nyang luar negeri.

Ya seneng, ya mongkog rasane ati, bisa nduduhaken seni budaya tradhisional Banyuwangi nong


kana," jare Putri – celukane Sabbrina Putri Atmaja.

"Ya magih kepingin seru main nong luar negeri. Bisa tambah pengalaman, kelendi rasane njuged dideleng ambi uwong uwong bangsa liya. Paran maning, piyah sekolah ndhukung seru nyang kegiyatani sun dadi penari," abane.

Wangune, bakat hang diduweni ambi murid-murid sanggar Tari Sayu Wiwit sing sukur-sukur bisa njuged, naming wis kelebu pantes dipameraken ring negara manca. Sak durunge main nong London, ulan

UIN KHAS Jember

meleciraken Quran Basa Using



Universitas Islam Negeri Kiai Haji Achmad Siddiq (UIN KHAS) Jember, Jawa Timur megawe bareng ambi Pemerintah Kabupaten Banyuwangi nggelar iwu meleciraken Quran basa Using (Tapsir basa Using) ulan Pebruari 2023.

"Iki minangka Quran terjemahan basa dhaerah hang kaping semene, uga wujud sumbangsih nyata UIN KHAS nyang masarakat umum, hususe masarakat Banyuwangi," jare Rektor UIN KHAS Jember, Babun Soeharto ring sambutane.

Prof. Babun Soeharto njelasaken, penerbitan terjemahan sampek dipeleciraken iki minangka program pengabdian masarakat hang dadi salah siji upaya ngelestarekaken lan ngembangaken budaya masarakat.

"Karya iki diuwakaken kanggo masarakat Banyuwangi, muga saya dhemen nyinaoni Quran minangka pedhoman urip saben dinane," gedigu

ujare rektor UIN mgarepaken.

Proses nerjemahaken Quran iki wis dilakoni emeh telung taun. Ana rong kelompok yaiku tim penerjemah lan tim validator hang dijuwut teka masarakat aseli utawa wong-wong hang ana hubungane ambi basa Using.

Salah siji tim penerjemah, Akhmad Musollin ngomong gok ana pirangane sandhungan ring proses nerjemahalen Quran basa Using iki antarane bab dialek.

"Perkara dialek iki mula durung ketemu mupakate kelendi, dadi sore iku mupakate aksara "O" digenti nganggo aksara "U" kanggo nggampangaken macane," ucape.

Akhmad nambahi, nerjemahaken iki wis miloni ilmu hang ana ring njerone Quran.

"Sing sukur diterjemahaken teka basa Indonesia nyang basa Using, taping kudu urut miloni ilmu nahwu lan sorof-e," ujare. Masiya mohal lan sara seru mareki sempurna, Akhmad Musollin ngarepaken gok asil terjemahan iki sing ana koreksi. Bab iki dadi penandha minangka tim hang jumlahé lebih satus uwong iki wis nggarap kelawan rinci lan ati-ati ring saben prosese. "Muga-muga sing ana koreksi," ujare.

Sakwetara iku, Kepala Badan Moderasi Beragama dan Pengembangan SDM Kemenag RI, Suyitno, ngomong gok peluncuran iki dadi penting merga ana hubungane ambi program moderasi beragama hang digagas Kemenag RI.

"Program moderasi beragama Kemenag iku salah sijine yaiku ngewadahi lan ngewani pasilitas ring budaya lan kearipan lokal. Meleciraken Quran basa Using iki minangka produk hang nyata ring tengahé masarakat teka Universitas Islam Negeri Kiai Haji Achmad Siddiq (UIN KHAS) Jember hang penting merga ana hubungane ambi program moderasi beragama iku mauka," ujare.

Jare Prof. Suyitno, Kemenag RI liwat Puslitbang Lektor Khazanah Keagamaan dan Manajemen

Organisasi Badan Litbang dan Diklat wis sukses nerjemahaken Quran nyang 20 basa lokal ring Indonesia.

Kawitane kegiyatan iku minangka dienggo njaga basa dhaerah teka ancaman musna uga sekaligus marekaken masarakat nyang kitab sucine.

"Kadhung kitab suci iku diwaca, dipahami lan diamalaken, mesti bakale nggarai masarakat tenang," gedigu dijelentrehaken.

Kaya diweruhi, Using minangka salah siji basa dhaerah hang dienggo ring masarakat suku Using hang asale teka Banyuwangi, Jawa Timur.

Ring acara peleciran iku ditekani pirangane pejabat tinggi, antarane rektor UIN KHAS Babun Soeharto, Kepala Badan Moderasi Beragama dan Pengembangan SDM Kemenag RI Suyitno, Kepala Kementrian Agama Banyuwangi Amak Burhanuddin, uga perwakilan teka Pemerintah Daerah Kabupaten Banyuwangi.

Tim Penerjemah lan Validasi yaiku:

Penerjemah

1. H. Mushollin, Pesantren Al Munawvir Krupyak Jogja, Lulusan UIN Sunan Kalijaga Jogja
2. Ahmad Rofiq, Pesantren Nurul Islam Jember, UIN KHAS Jember
3. H. Najib, Pesantren Kwagean Kediri, Universitas Wisnuwardana Malang
4. H. Mufid, Pesantren Lirboyo Kediri
5. A. Saifullah, Pesantren Lirboyo Kediri, Universitas Wisnuwardana Malang
6. H. Syukron, Pesantren Darussolah Jember, UNEJ Jember
7. H. Mahrus, Pesantren Darunnajah B.wangi, Candidat Doktor UIN KHAS Jember
8. Nur Habibi, Pesantren Nurul Ummah Kotagede Jogja, Magister UIN Sunan Kalijaga Jogja
9. Maskudi, Pesantren Nurul Ummah Kotagede Jogja, Magister UGM Jogja
10. Haikal Kafili, Pesantren Al. Munawvir Krupyak Jogja, Magister UNISMA Malang
11. Karyono, Pesantren Darussalam Blok Agung, UIN KHAS Jember
12. Fata Zamroni, Pesantren Lirboyo Kediri, UNTAG Banyuwangi
13. M. Shiddiq, Pesantren Zainul Hasan


Probolinggo, UNZAHHA, Probolinggo

14. Ahmad Royani, Pesantren Subulussalam Banyuwangi, Doktor UIN KHAS Jember
15. Tantowi, Pesantren Al.Kautsar Muncar, Pesantren Darussholah Jember, Magister UIN KHAS Jember
16. Mahbub Junaidi, Pesantren Termas Pacitan, Magister UIN Maliki Malang
17. M. Syamsudini, Pesantren Nurul Huda Malang, Pesantren Mambaul Maarif Denanyar Jombang, Candidat Doktor UIN Sunan Ampel Surabaya

Validasi

1. Imam Najeh, Pesantren Miftahul Huda Gading Malang, Magister UIN Maliki Malang
2. Imam Mas'ud, Pesantren An-Nadliyah Kaliploso Malang, Magister UIN KHAS Jember
3. Imron Rosyadi, Pesantren Mambaul Maarif Denanyar Jombang
4. Ali Firdausi, Pesantren Darussalam Blok Agung, UIN SYAHID Ciputat Jakarta
5. Qomaruzzaman, Al. Azhar Mesir
6. Fathurrozaq, Pesantren Nurul Falah Kependungan Srono
7. Zuhdi, Pesantren Mistahul Huda Malang, UIN Maliki Malang
8. Syamsul Mu'arif, Pesantren Darussholah Jember, UIN KHAS Jember
9. Nur Hikami, Pesantren Mambaul Maarif Denanyar Jombang
10. Nasir Basrawi, Pesantren Darunnajah Banyuwangi, UNIBRAW Malang
11. Hadiyul Ikdam, Pesantren Darul Huda Penataban Banyuwangi
12. Syamsul Huda, Pesantren Riyadusshalihin Jember, UIN KHAS Jember
13. M. Faishol, Candidat Doktor UNNES Semarang
14. Sunandi, Pesantren Lirboyo Kediri, Magister UIN KHAS Jember
15. H. Abd. Azis, Pesantren Al Munawvir Krupyak Jogja, UIN Sunan Kalijaga Jogja
16. Luqoni, Pesantren Darussholah Jember, UIN KHAS Jember
17. Marfu' Ali, Pesantren Lirboyo Kediri

(Kang Aang)



Welas

Dianggit ring Hani Z. Noor

Pari ring sawah elor umahe Mak Inah katon wis melecuti. Gabah parine katon kaya jugedan merga magih durung ebeg isine. Manuk-manuk padha selamberan kaya milu girang memengan, miber lan temencok ring uwit pari hang katon seger ijo godhonge.

Mak Inah lungguh ring paglak, sabendina gedigu. Wayah serngenge melethek iyane melaku melipir turut galengan. Kadhang disambi methik kangkung hang ngelantar ngetan ngulon ring pinggire banyu cilik wates mburi sawahe. Mari-mari dhemen ndeleng sawah, ngerasakaken hawa desa hang seger sing ana polusi. Kadhangane ndeleng tegalan cilik ring ngarepe paglak, nawi ana rambanan tah uwoh jambu tah epoh hang bisa dipethik. Dhung wis ulih cukup rambanane Mak Inah aju balik lungguh ring paglak ambi methiki kangkung tah genjer, kadhangane gundha

utawa semanggi.

Nyawang sakubengane, gedhang saba abang katon emeh nyuluh, tadhah udane wis katon mempeg tandhane mula wis tuwek. Ring kulon paglak ana gedhang lempeneng ya wis katon gedhi ontonge. Terong welut wis katon ngembang, lobok litik mangkat berahi kelire, ana hang magih ijo, kapuranta lan ana pisan hang wis abang. Rantine ya wis bisa dipethik pirang iji keneng dienggo nggawe sambel. Engko nak njaluk tulung Kang Urik ngametaken lucu ring tegalan kidul, nak nggawe sambel lucu, gedigu njero batine Mak Inah.

Mak Inah mula dhemen tandur-tandur, bengen magih jaya awake ya gelem juger-juger lemah dhewek nandur paran bain. Saiki wis sing sanggup mulane ana Kang Urik, rewang magersarine hang awake magih katon kusa lan mula pegaweyane dadi wong tani.

Katon ring latar umah tikele, maneka pethetan godhong lan kembang werna-werni katon subur lan endah. Ngatonaken gok hang duwe umah mula dhemen lan kepingin hang sanja merono bisa pernah.

Lungguh ring paglak Mak Inah kaya ana hang dipikir, ngelayung, angenane nyerambah nyang endi-endi. Kaya ana hang dirandhu, ana hang dianteni. Ya, mula anak putu adoh teka penyawangan, manggon ring negara liya, golet sangu tuwek jarene.

Sedhilut engkas emeh ulan puwasa, bengen magih bisa tangi bareng, sahur lan buka puwasa bareng anake. Ketang anak mung siji-sijine, ondhil-andhil. Bengen Mak Inah ya gedigu, ngumbara ring kutha liya golet sangune tuwek. Serta anake umah-umah Mak Inah aju mulih nyang tanah kelairan. Mula wis impene ngantekaken mangsa tuweke ring

desa, parek sawah parek tegalan. Masiya sawah sing sepira wera, tegalan ya semono uga. Taping umah tikel hang diedegaken parek sawah nepaki iyane jak loron lakine magih jaya bisa nggawe atine ayem.

"Aja ngelayung bain Dhik, kesambet jim wit gedhang kayu engkotah," mara-mara ana suwarane lakine. Man Nawawi katon munggah timplikan nuju paglak. Biyasahe iyane mari subuhan nyang mesjid lan nderes Quran aju maca buku, dhung using ya nulis, wis mula dhemenane. Kadhung nepaki hing maca utawa nulis ya ngancani Mak Inah ndeleng sawah lan tegalan, ndelengi pethetan tah tanduran hang ana ring latar umah. Njabuti suket utawa meriksa nawi ana tanduran hang keneng hama. Jak loron mula padha dhemene nyang tanduran. Mulane katon gok semono akehe tandurane padha seger lan temata endah.

"Yaiku Kang, wis emeh Romadon yak.. Pitri wis rong taun sing balik teka Korea, ndane sepira gedhine wis putune awak dhewek iku?" saute Mak Inah.

"Iya yuh, Isun ya wis kepingin kecaruk.. tapi ya wis kelendi maning, aja pati dipikir seru-seru engkotah nggarai awake warang,"

"Iya yuh, taping kadhang mula sing bisa diapusi ati iki masih tawis diselimuraken merana-merene," abane Mak Inah keranta-ranta.

Jak loron aju nerusaken gesah,

ambi kadhang nyawang sawah, nyawang wit-witan hang ana ring sakubengane paglak.

Sing kerasa Romadon wis mareki malem likuran, jajan lebaran wis dhirik nong lemari kaca, engko dhung wis lebaran aju padha metu temata dhirik nong ndhuwur meja.

Mulih teraweh, Mak Inah ambi Man Nawawi melaku jak loron. Mula mesjid desa sing sepira adoh teka umah, maningan melaku nyang mesjid yara saben jangkah ana ganjarane.

"Montore sapa iku Kang?" takone Mak Inah nyang lakine, merga katon ana montor mandheg nong ngarep lawang kori umahe.

"Sapa ndane merdhayoh wayah mene yuh?" saute Man Nawawi padha bingunge.

Gadug ngarep umah, parek montor mandheg mauka, buru arep mangap takon nyang dhayohe, ana uwong metu teka montor mauka.

"Amit Pak, Buk.. benertah niki geriyane Pak Nawawi?" abane wong iku, katone kaya supir kongkonane uwong.

"Enggih Pak, Kula tiyange," semaure Man Nawawi.

"Eh, enggih.. Kula Saperik," abane wong iku mau ambi ngejak salaman. Man Nawawi aju ngelajokaken dhayohe lungguh nyang kursi gelondhongan kayu hang ana ring teras umah.

"Enten napa nggih?" takone Man

Nawawi mbukak gesahan.

"Niki, Kula dikengken pak bos ngateraken titipan dugi Korea, terose yogandika hang ngirim. Pak bos nedu sepunten, polae setemene dugine empun sederenge puwasa ni ka ya.. taping pak bos dadakan mangkat teng Jakarta, cumpune dugi Jakarta pak bos aju teng Singapur. Kerana mboten ganti koper nepaki mangkat teng Jakarta niku dadi titipane katut pisan. Pungkasane merga pak bos kesah teng Singapur titipane dikirim paket, niki wau buru nggadug," jelentrehe pak Saperik nyang Man Nawawi. Mak Inah milu lungguh ngerungokaken sakwise nggawekaken wedang kopi.

"Yeeh... kiriman teka Pitri iku Pak," abane Mak Inah.

"Enggih Buk, niki titipane," saute pak Saperik ambi ngelungaken bungkus kira-kira gedhine sak kerdu banyu gelas nyang Man Nawawi.

"Terami nggih Pak, empun nyampekaken titipane anakkula," Man Nawawi nampani kerdu iku.

"Eh.. diinum kerin kopine Pak, mumpung magih panas," Mak Inah manggakaken nyang dhayohe.

"Enggih pun, Kula pamit.. niki magih ajenge ngateraken titipan teng emake pak bos," pamite pak Saperik.

"Enggih Pak, sepisan malih, terami nggih.." saute Man Nawawi.

Cerpen

Sakuwise dhayone mulih, Man Nawawi mbukak kerdus kiriman teka anake. Mak Inah nganteni ning pareke.

Isine ana kelambi dienggo lanang lan wadon, pantese ya dienggo Man Nawawi ambi Mak Inah engko lebaran. Ana jajan pirangane macem, embuh paran iku wacanane jak loron padha sing pahame merga tulisane nganggo aksara kanji Korea.

Ana amplop soklat kayane surat.

"Apak, Emak hang Sun welasi, rong taun Pitri nahan kangen nyang Ndika jak loron. Nedhi sepuntene sak dhuwure gunung sak dawane lurung, lebaran niki Pitri nggih dereng saged wangsl teng tanah air. Merga negarane hang kathah niku sanes tiyang Islam pendhuduke, pereine mboten kaya teng Indonesia. Pitri saged cuti taping Kakang dereng angsal giliran perei. Nedhi redhane Apak, Emak.. Pitri mung saged kirim tandha welas dugi kaduhan. Mula kabeh niki sing keneng dibandhingaken ambi girange ati kadhung bisa kumpul lebaran Pak, Mak.. taping niki mung tandha gok Kula enget lan kangen nyang Ndika jak loron kelawan welas hang gedhi. Mugiya Apak Emak terus seger waras, lan Pengeran ngabulaken pendongane Pitri makene gancang saged kepanggih Ndika jak loron. Nedhi pendongane, mugi kabeh digampangaken."

Ring njerone amplop iku ana picis akehe rong ewu dolar amerika.

Sing bisa diempet maning iluh

deredesan, Mak Inah nangis mbesesegen. Man Nawawi ya ngembeng iluh, meluk rabine hang saiki tangisan. Mula tekane anak iku sing bisa diganteni ambi sepira akehe barang tah picis hang dikirim, tapi kelawan cara gedigu nduduhaken gok anak enget nyang wong tuweke iku hang nggawe sekeluwarga kepuket rasa welas.

*Allaahu Akbar Allaahu Akbar
Allaahu Akbar*

*Laa ilaahq illallaahu Allahu Akbar
Allaahu Akbar wa lillahil khad...
Allaahu Akbar*

Mak Inah ambi Man Nawawi gongcengan sepidhah montor sembayang nong Taman Blambangan. Mula wis adate sakat bengen kala wong tuweke jak loron magih ana lan urip ring tengah kutha.

Ngerasakan kahanan lebaran mula beda, wong pating salaman nepaki kecaruk uwong hang dikenal ring lapangan. Kayane sing ana maning wih pecake tukar tah bengkerengan sabene. Kabeh pating nyepura lan njaluk seputra, guyub, rukun.

Balik nyang umah, Man Nawawi ambi Mak Inah ya sing bisa gancang. Melaku sithik mandheg, melaku sithik mandheg maning merga kecaruk kanca lan tangga hang diliwati. Mula gedigu adate kadhung lebaran. Kabeh salam-salaman masiya kecaruk nong tengah dalan.

Sampek emeh gadug umah katon ana montor ring ngarepane

lawang kori.

"Kang, iku dudu montor hang sore ika tah? Pak Saperik hang ngateraken titipane Pitri?" takone Mak Inah nyang lakine.

"Eh, iya Dhik.. sanja lebaran nawi ya?" saute Man Nawawi.

"Yeeh.. iya paling Kang,"

Merga ana montor, sepidhah montore Man Nawawi diparkir nong lawang cilik mburine montor. Jak loron wis siyap-siyap arep mbukak gembok lawang ngelajokaken dhayohe.

Ana abane lawang montor dibukak,

"Mak... Apak..." suwarane lare wadon gemeter ngempet tangis.

"Pitri? Pitriii..." sing keneng ditahan maning, bencah tangise Mak Inah meluk anake, Man Nawawi metenggengen ngembeng iluh.

"Dadi Pak, Mak, kerana kalih taun mboten saged wangsl, ulan puwaso sorre bapak kalih emak maratuwa marani teng Korea. Kadine niki nggih dadakan Kula dikengken wangsl masiya dhewekan. Putune Ndika setemene ajenge Kula ejak, empun diidini kalih Kakang, tapi angsale tiket mung setunggal. Kula kiyambek pungkasane hang balik, niki Kula mbayar kangen, mbayar welas Ndika jak loron hang mboten kira sanggup Kula bayar sedawane uripkula."

BALAI BAHASA PROVINSI JAWA TIMUR

